


ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

# GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA  
JAWA TIMUR



# Isinipun Majalah



<b>Atur Sapala</b>	1
<b>Kabudayan</b>	
<b>Kesenian Tayub</b>	2
<i>J.F.X. Hoery</i>	
<b>Mbah Sukijah, Dhalang Ruwat Tiban saking Bojonegoro</b>	6
<i>J.F.X. Hoery</i>	
<b>Pangarsa</b>	
<b>Wagé Rudolf Supratman, Pangripta Lagu Indonésia Raya</b>	9
<i>J.F.X. Hoery</i>	
<b>Pawartos</b>	
<b>Batik Printing</b>	12
<i>Ahmad Riza Fauzi</i>	
<b>Cariyos</b>	
<b>Cariyos Rakyat Pacitan, Tumungkul, Tanpa Pinupuh Perang</b>	16
<i>J.F.X. Hoery</i>	
<b>Cerkak</b>	
<b>Bagus ora Pengin dadi Suket Teki</b>	19
<i>Zuly Kristanto</i>	
<b>Warung Kopi Pangkon</b>	21
<i>Nono Warnono</i>	
<b>Ki Dhalang Kandha Sasmita</b>	24
<i>St. Sri Emyani</i>	
<b>Nganti Pupusing Yuswa</b>	27
<i>Puji Wirawan</i>	
<b>Geguritan</b>	
<b>Ode Kanggo Kekasih: Srikandi / Dakjaring Rembulan / Fragmen Antareja / Crita Malem Jemuwah Apa Sing Kokgoleki / Epilog Wengi / Langgam Sore</b>	30
<i>Irul S. Budianto</i>	
<b>Timbreng / prahara / panyuwun</b>	32
<i>Sri Narjati</i>	
<b>Sasmita / Kabèh Wis Ilang</b>	33
<i>J.F.X. Hoery</i>	
<b>Sekar Sigar / K i n t i r / Aja Lena / Pitakon</b>	34
<i>St. Sri Emyani</i>	
<b>Papan Wisata</b>	
<b>Ngumbah Manah Menyang Papan Wisata Agro Park Trenggalek</b>	36
<i>St. Sri Emyani</i>	
<b>Tetembungan</b>	
<b>Menapa Leres Bilih Basa Jawi Ing Wekdal Samenika Sampunrisak</b>	39
<b>Utawi Nembe Sakit?</b>	39
<i>Drs. Imam Sutardjo, M.Hum.</i>	
<i>Imam Sutardjo, M.Hum.</i>	
<b>Baharan</b>	
<b>Jujanan Srabi-Ketan. Bojonegoro</b>	42
<i>Sri Narjati</i>	
<b>Pitutur Luhur</b>	
<b>Sabda Tama</b>	44
<b>Wawancara</b>	
<b>Darmono Saputro, (Seniman/Budayawan Jawa Timur)</b>	47

ISSN 2088 0812

**TITIS BASA**  
MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

**PENANGGUNG JAWAB**  
Mustakim

**REDAKTUR**  
Dalwiningsih

**DEWAN REDAKSI**  
Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)  
Amir Mahmud (Balai Bahasa Jawa Timur)  
Dhanu Priyo Prabowo (Sanggar Alam Mayada)  
JFX Hoery (Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro)  
Sunardi ( SMPN Tarik, Sidoarjo)

**DESAIN GRAFIS**  
Okky N.

**SEKRETARIAT**  
Rahmidi

**ALAMAT REDAKSI**  
Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur  
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252  
Telepon/Faksimile 031-8051752  
Pos elektronik: [dalwiningsih@yahoo.com](mailto:dalwiningsih@yahoo.com)

Majalah Titis Basa nampi seratan arupi cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, lan maneka warna seni budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kanton nerbitaken kémawon. .

**ATUR  
SAPALA**

*Assalamu`alaikum wr. wb.*

**S**ugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun para kadhang, mugi tansah pinaringan karahayon sarta karaharjan, aamiin. Alhamdulillah, bingah sanget majalah Titis Basa menika sampun ngantos edhisi nembelas. Redhaksi tamtu tansah ngaturaken agenging panuwun kaliyan para panyerat saha para maos sadaya ingkang sampun kintun naskah amrih nguri-uri majalah punika tetep saged terbit ing saben semesteripun.

Redhaksi tansah nyuwun donga lan restu saking para pinisepuh lan sedherek mugi majalah Titis Basa punika saged dados salah setunggaling majalah ingkang lestantun ing basa daerah. Redhaksi boten kirang-kirang ngaturaken agenging panuwun dhumateng Bapak saha Ibu ingkang sampun kintun naskah kagem majalah punika. Edhisi nembelas punika wonten tambahan rubik *Pitutur Luhur*.


Sumangga para maos katuran kintun seratan ing alamatipun redhaksi ingkang sampun kapasitas ing sisi kiwa atur sapala. Tamtu, pangajengipun redhaksi, mugi majalah punika tansah saged mbekta manfaat kanggè kita sadaya.

Nuwun.



## KESENIAN TAYUB

*Kesenian tayub wonten wiwit jaman Kraton Jenggala.  
Jaman Kraton Demak kanggé siar Agami Islam déning Kyai Abdul Goyer Bikahi*



Busana tandhak kalarumiyin, kanggé nginggilan kembenan

Kesenian Tayub kalebet kesenian rakyat ingkang sampun lami ing tanah Jawi, mliginipun Jawi Tengah saha Jawi Wétan. Pagelaranipun kasebat tayuban utawi langen tayub, ing Bojonegoro, Blora, Tuban dipunsebat sindiran, ing Pacitan sakiwa tengenipun dipunwastani janggrung, ing Jawi Tengah iring kilèn Lènggèr. Ngantos sakmenika langen tayub taksih langgeng, kepara ngrembaka, menawi katandhing aliyan kesenian rakyat sanesipun, kados **Ringgit Tiyang** saha **Kethoprak**, ingkang saya dangu saya surem. **Ringgit Tiyang** sampun awis sanget, kepara grup-grup ageng kados

**Ngesthi Pandawa** (Semarang), wayang wong **Sri Wedari** (Solo), **Barata** (Jakarta) sampun awis kapireng pagelaranipun. Taksih lumayan, kethoprak taksih kathah grup ingkang lumampah. Awit kathah panggénan utawi desa-desa ingkang taksih nglestraèaken bersih désa kanthi nanggap kethoprak. Nanging bersih désa ingkang nganggé pagelaran ringgit tiyang sampun mboten wonten. Dènten tiyang ingkang gadhah damel sami mboten nanggap ringgit tiyang utawi kethoprak, awit prabéya saha tanggapanipun awis. Anggota grup kalebet pradangga, cacahipun watawis 40 nan.

Bènten kaliyan pegelaran tayub, sagedipun lestantun kajawi kathah tiyang kagungan kersa sarana nanggap tayub, ugi kathah sanget dhusun-dhusun ingkang nglestantunaken upacara adat bersih désa (merti désa) kanthi pagelaran tayub.

**Saking kraton ngrembaka ing padésan.**

Tayub pinangka kesenian rakyat kawentar ing tlatah Jawi Tengah saha Jawi Wétan, kalebet kesenian rakyat ingkang sampun sepuh. Miturut panalitèn kesenian tayub sampun wonten wiwit jaman kraton Kediri. Sakawit kesenian Tayub kangge pahargyan nampi tamu agung negari jaman Kraton Jenggala.

Miturut buku **“Gendhing lan Tembang”** yasanipun Sinuwun Pakoe Boewono X ing Surakarta Hadiningrat, nyebataken bilih ing jaman kraton Jenggala nalika jumenengipun Prabu Suryowiséso kagelaraken langgen tayub. Salajengipun langgen tayub dipuntetepaken dados jogèd adat kraton. Rikala sang prabu badhé rawuh ing sitihinggil garwa pramèsuari mbeksa wonten pringgtan. Wiwit jaman kraton Majapahit mboten namung kagelar ing cepuri kraton nanging sampun sumrambah dhateng kawula.

Nalka jaman kraton Demak Bintara, wonten satunggilin kyai ingkang ngginakaken seni tayub kanggé siar agami Islam, asmanipun Kyai Abdul Guyer Bikahi. Sanèsipun seni langgen tayub, para



Tandhak samenika busana nginggil nagnggé kebaya

Wali ngginakake ringgit purwa kanggé siar agami Islam. Kanggé murwani pagelaran tayub, utawi ringgit para Wali ngumandhangaken bawa dzikir kanggé ngagungkaken asmanipun Gusti. Inggang makaten mboten nggumunaken amargi rikala semanten inggit purwa saha langgen tayub mujudaken kesenian ingkang dipunremeni masyarakat. Kamangka saperangan ageng masyarakat taksih nggilut agami Hindhu saha Budha. Pramila supados kawula alit ketarik kaliyan agami Islam, para wali ngginakaken siar sarana ringgit, Kyai Abdul Guyer Bikahi milih seni tayub.

Tumrap para panggilitu Kejawèn, seni tayub dipuntegesi pinangka jatidhiripun manungsa ingkang kanggénan sifat sekawan prekawis. Ing pagelaran tayub ingkang baku wonten 5 paraga, inggih menika jogèd utawi tlèdhèk setunggal saha panglaris sekawan. Tlèdhèk pinangka lambangipun pepénginan utawi gegayuhan, penglaris 4 pramlambangpun nafsu 4, inggih menika aluamah, amarah, mutmainah saha sufiat. Liripun sok sintena ingkang nggadahi gegayuhan luhur kedah saged memper nafsunipun piyambak ingkang dumados sekawan perkawis menika.

**Pundhen Nyai Kecil.**

Kesagedan njogèd tayub kajawi saking sinau dhateng tandhak ingkang sampun sepuhsaha mumpuni, ugi wonten ingkang kesagedanipun mboten kanyana-nyana, setilah jawinipun kadunungan wahyu. Kados seniman dhalang wonten ingkang saged nggelar padhalangan tanpa sinau sadèrèngipun., ingkang lajeng kawastanan dhalang tiban.

Paraga jogèd tayub, supados laris kathah ingkang nanggap, sok ngginakaken sarana panglarisan. Wonten ingkang pasang susuk, wonten ingkang nyuwun panglarisan dhateng tiyang sepuh (dhukun), wonten ingkang nyadran dhateng pundhèn ingkang dipunpercados panggénan panglarisan tumrap joged tayub (tandhak, tlèdhèk

Salah setunggilipun pundhèn ingkang kawentar dados jujuganipun para tandhak saperlu ngalap berkah supados laris saha kawentar, inggih

punika pundhèn Nyai Kecil ing tlatah Wonogiri. Tumrap para tandhak ing tlatah Wonogiri, Sukoharjo, Karanganyar, gadhah kapitadosan bilih menawi kepengin kasuwur supados tirakat wonten pundhèn Nyai Kecil, ingkang mapan ing Desa Randusari Kecamatan Ngadirojo, Kabupaten Wonogiri.

Kados pundi larah-larahipun pundhèn Nyai Kecil dados papan sadranan tumrap para tandhak? Kapurwakan nalika KGPAA Mangkunegara IV, tindak lelana ing wewengkon Wonogiri ingkang kadhèrèkaken garwa anpil Nyai Kenci ingkang nembé mbobot sepuh. Dumugi ing Tirtomoyo rombongan masanggrah wonten redi Tunggangan, dinten salajengpun tumuju Keduwang ing tlatah Ngadirojo. Dumugi sendhang Condhong ing Désa Kerjo Lor, Nyai Kenci matur dhateng Sinuwun bilih anggènipun lelana kacekapana ing mriku kemawon, Sinuwun kaaturan kondur dhateng kedhaton.

Sinuwun KGPA Mangkunegara IV ndhahar aturipun garwa ampil, pramila lajeng tindak kondur, dènten Nyai Kenci gandhèng mbobotipun sampun mèh wanci babaran kepeksa katilar wonten désa

Randusari, Asistenan Ngadirojo. Sinuwun dalah pandhèrèkipun nglajengaken kondur dhateng Mangkunegaran. Let sawatwis dinten Nyai Kenci babaran. Nanging sampun dados kersaning Gusti, ibu dalah putranipun seda. Awit saking dhawuhpun sinuwun KGPA Mangkunegara IV, jisim kekalhipun kasarèkaken ing Désa Randusari. Warga lajeng nyebat makamipun Nyai Kenci dalah putranipun dados pundhèn Nyai Kecil.

Sawatwis warsa sasédanipun Nyai Kenci, ing tlatah Ngadirojo wonten setunggalpun tlandhak nami Nyi Sadikem ingkang tirakat wonten makamipun Nyai Kenci. Bibar tirakat wonten mriku, Nyi Sadikem dados kawentar malah angsal sebatan Nyi Madu, awit saénipun suwantenipun. Kawentaripun Nyi Madu ngantos dumugi cepuri Mangkunegaran, kapireng Sinuwun KGPA Mangkunegara VII saha lajeng dhawuh nimbali. Sareng dumugi cepuri Mangkunegaran, Sinuwun kepranan kaliyan Nyi Madu, pramila lajeng kapundhut garwa ampil. Inggih wiwit punika ngantos sapriki pundhèn Nyai Kecil dados papan



Pagelaran Tayub ing padésan Bojonegoro

tirakatanipun para waranggana dalah tandhak, sami ngalap berkah amrih kawentar kados Nyi Madu.

### Wonten éwah-éwahan

Kathah ingkang mastani pagelaran seni tayub kirang prayogi, porno (lekoh) mabuk-mabukan amargi nganggé inuman keras. Pancen kala rumiyin pagelaran tayub mboten saged kapisahaken kaliyan inuman, kados arak, ciu lan sanèsipun. Ugi tandhakupun wonten ingkang mastani kadosdéné palanyahan., amargi pancen inggih purun dipunaja kencan.\

Nanging pagelaran tayub sakmenika kaliyan rumiyin pancèn sampun bènten, sampun nyalarasaken kaliyan jaman. Kala rumiyin busana seni tayub ngandhap sinjang nginggil namung kembenan. Lajeng sampur dipunsampiraken pundhak. Nanging sakmenika busanipun nginggil nganggékebayak.

Ing sapérangan pangénan, thandhak kaliyan ingkang mbeksa kapisah. Tandhak wonten panggung, ingkang mbeksa wonten ngandhap. Nanging inggih taksih kathah ingkang nglestantunaken tandhak kaliyan ingkang mbeksa sesarengan utawi kempal.

Rumiyin menawi nyukani tip (nyawer) dhateng salah setunggalipun tandhak, kanthi ndlesepaken tangan ing salebetipun kemben. Sakmenika mboten makaten, nanging langsung dipunulungaken.

Kanggé inuman sakmenika sampun mboten nganggé inuman keras kados arak, ciu, lan sanèsipun, sakmenika inuman paling keras namung ngginakaken bir.

Ing sawatawis panggénan langgen tayub dipundadosaken "tari pergaulan" Ingkang mbeksa mboten namung ingkang angsal suruhan (uleman) dalah pamirsa kakung putri ugi saged ndhérek mbeksa,

### Sawatawis Pamanggih

**Felicia Freelano**, salah setunggalipun panaliti seni tayub saking Inggris, mratélakaken bilih seni tayub dipunwastani lekoh mesthi wonten sebab musababipun. Miturut Felicia menika saking

trékahipun panguwaos penjajah Walandi, seni ingkang adi luhung dipunenggokakaken (dipunslèwèngaken). Awit sayektosipun kesenian tayub mujudaken kesenian sakral, kanggé pahargyan ing kraton, upacara merti dhusun, kaulan lan sanès-sanèsipun.

Nalika penjajah Walandi adeg pabrik-pabrik gendis, kanggé nglipur para kuli pabrik, lajeng dipungelar seni tayub sadangunipun mangsa giling. Kanthi makaten para kuli betah mboten wangsul, joget tayub kelarisan. Inggih saking kawontenan makaten, seni tayub ingkang sakral dangu-dangu lajeng nlisir saking paugeran, punapa malih sareng beksa tayub sumrambah ing désa-désa dados klangenanipun masyarakat padésan.

**Pieter M Mboeik**, salah setunggalipun psikolog mratélakaken bilih seni tayub pancèn saget ngundang raos birahi (shawat) . Kajawi jogedipun ingkang "érotis" pakulinan ndlesepaken arta ing nglebet BH (kemben,kutang) ugi ngrangkul, saged mahanani tumindak nalisir, nukulaken syahwat (seksual)

Saleresipun wontenipun trapsila ingkang kirang mranani makaten, gumantung wonten ing pimpinan pagelaran utawi pramugari. Ing pagelaran seni tayub, pramugari kedah wantun asung aturan amrih lancaring pagelaran saengga mboten nukulaken pikiran awon.

**Van Kohl**, pengamat budaya Asia, mratélakaken bilih seni tayub ngrembaka ing warsa 1899 ing wewengkon perkebunan. Tandhak-tandhak wau déning pamarentah Walandi dipundhatengaken, amrih para kuli kebun remen lan mboten nilaraken pakaryanipun.

Bènten malih kaliyan **Prof.DR. Sudarsono** Guru Besar Fakultas Sastra UGM, mastani bilih pagelaran tayub, lepas saking anggepan miring, saleresipun seni tayub pinangka tontonan saha hiburan. Pramila tayub kedah rinesepi déning pamirsa , ugi kedah saged asung pamarem kagem pamirsa mboten namung kanggé ingkang mbeksa.

Makaten menggah kawontenan langgen tayub, wiwit rumiyin ngantos sakmenika. Nuwun.

**J.F.X. Hoery**



## **Mbah Sukijah, Dhalang Ruwat Tiban saking Bojonegoro.**

\*Menawi ndhalang mboten mawi iringan gamelan

\*Dhalang èstri setuggal-setunggalipun ing Bojonegoro.

**I**ng tlatah Bojonegoro, wonten satunggilipun dhalang èstri ingkang kenging kawastanan manjila, bènten kaliyan dhalang-dhalang sanèsipun. Asmanipun Mbah Sukijah, dedalem ing désa Soka, Kecamatan Temayang, saking kitha Bohjonegoro watawis 40 km. Menawi dipun suwuni pirsu pinten yuswanipun, namunng ngendika “Wis 100 taun luwih.”

Piyambakipun nyariyosaken nalika warsa 1922 sampun ndhèrèk ani-ani. Nalika Walandi mbangun wadhuk Pacal, ing Desa Kedungsumber, Kecamatan Temayang, piyambakipun sampun ageng. Wiwit jaman Jepang piyambakipun dados jaged tayub ing Bojonegoro kasebat sindir, ngantos warsa 1970.

### **Manggih Wayang Kresno misterius.**

Mbah Sukijah mujudaken setunggalipun dhalang èstri ing Bojonegoro ingkang namung mligi ndhalang ruwat utawi murwakala. Anggènipun ndhalang mboten sarana iringan gangsa/gamelan nanging namung janturan wantah. Mboten ngangge iringan menapa-menapa. Anggènipun dados dhalang ruwat sampun watawis 26 warsa, tanpa sinau pedhalangan sadèrèmgipun.

Mbah Sukijah kenging kawastanan dhalang ruwat tiban. Piyambakipun saged nggelar murwakala kanthi runtut, nanging menawi mboten ndhalang piyambakipun mboten saged nyariyosaken bab lampahan ringgit. Sagedipun ndhalang sabibaripun manggihaken ringgit purwa Kresno ing dalemipun.

Warsa 1992, enjing piyambakipun resik-resik dalemipun, ing méja tamu wonten ringgit wacucal Kresno. Kasengguh dolananipun laré-laré, nanging nalika dipuntakèk-takèkaken mboten wonten ingkang ngaken. Punapa malih ing desa Soka inggih mboten wonten ingkang gadhah ringgit cucal. Rnggit wau dipuntekuk-tekuk, dipun bucal dhateng pluruhan.


Dalunipun piyambakipun nyupena, dipun panggih tiyang sepuh dhawuh bilih Kreno menika badhé dados margi pados sandhang tedha. Énjing wungu saré piyambakipun dhateng pluruhan, mendhet ringgit ingkang dipunbucal kalawingi, lajeng dipun kencengaken malih. Seminggu candhakipun, wonten tamu taksih setunggal désa, nyuwun supados anakipun dipun ruwat. Awalipun Mbah Sukijah inggih bingung, mboten gadhah ringgit lan ugi mboten natos ndhalang kok kapurih ngruwat.

Kleresan ing Soka wonten tiyang ingkang saged ndamel ringgit krucil. Mbah Sukijah lajeng pesen ringgit krucil sawataris, (*ringgit ingkang kadamel saking kajeng/blabag*) ingkang paraganipun wonten sesambetan kaliyan murwakala. Kanthi ringgit sawatawis, klampahan ngawontenaken ruwatan, tanpa gamelan. Anèhipun Mbah Sukijah saged runtut nglampahaken murwakala jangkep sak donga-donganipun. Lan wiwit dinten menika, Mbah Sukijah kawentar dados dhalang ruwat lan dados tiyang sepuh, liris kagungan kawasisan paring usada dhateng tetiyang ingkang sami mbetahaken ngantos sakmenika.

Menawi badhé nindakaken ruwatan, Mbah Sukijah kedah nglampahi tarak, pasa Senin-Kamis salebetipun 40 dinten. Saha pasa terusan 7 dinten sakdèrèngipun ngruwat. Badhé miwit ngruwat ing ndalemipun ingkang dipun ruwat dipun wontenaken slametan. Inggih dipuntandukaken saha dipundongani Mbah Sukijah piyambak.

Panggènan ngruwat, dipunwatesi roncèn janur mubeng. Inggih dipunruwat mapan (lenggah) sawingkingipun dhalang, ngantos paripurna pagelaran. Inggih mbantu Mbah Sukijah, nyepakaken ringgit, Pak Rusmiyadi Kebayan Désa Soka.

Bibar ngruwat, dumugi ndalem betan (sajèn) saking ingkang kagungan kajat, arupi uwos saha ayam jago kanggé slametan malih, pinangka atur panuwun dhateng Gusti déné anggènipun nindakaken ruwatan mlampah kanthi slamet wilujeng.



Mbah Sukijah nalika nggelar ngruwat

### Radi Gèsèh Sekedhik.

Anggènipun nggelar murwakala alur cariyosipun radi gèsèh sekedik kaliyan dhalang ringgit purwa, inggih menika ing purwakanipun lampahan. Kapurwakan ing Kahyangan Ondarandir Bawana, Sang Hyang Wenang nampi pisowanipun Bathara Guru miwah garwanipun Bathari Pramoni.

Sang Hyang Wenang dhawuh Bathara Guru supados mertapa ing Gunung Srandil, dènten Bathari Pramoni kadhawuhan mertapa wonten redi Danaraja, dangunipun 40 dinten. Salebetipun 40 dinten kekalihipun mboten kaparengaken pepanggihan. Nanging dèrèng ngatos 40 dinten Bathara Guru nyusul dhateng redi Danaraja, amargi mboten saged nyandhet raos kapangipun dhateng Bathari Pramoni. Bathari Pramoni ingkang nembé mesu brata, karungrum saha karuket Bathara Guru amargi mboten kiyat ngampet birahinipun, ngantos medal kamanipun, tumepuk ing wentisipun Bathari Pramoni.

Bathara Narada ingkang kadhawuhan Sang Hyang Wenang. ngawat-awati tapanipun Bathara Guru saha Bathari Pramoni, pirsu bilih kekalihipun mboten netepi dhawuh. Bathara Narada nyusul dhateng redi Danaraja, paring deduka. Bathara Guru kapurih wangsul dhateng Redi Srandil, lanjeng Bathari Pramoni supados suci malih kadawuhan siram wonten tloga Madirda.

Éloking jagad nalika Bathari Pramoni siram, kama ingkang tumempel ing wentis kerut toya lajeng dadi raseksa. Raseksa manggihi Bathara Narada takèn namipun saha bapakipun. Bathara Narada dhawuh bilih namipun Bathara Kala, dènten bapakipun Bathara Guru ingkang nembé mertapa wonten redi Srandil. Bathari Pramoni bibar siram ing tlaça Madirda lajeng malih dados raseksi, déning Bathara Narada namipun kagantos Bathari Durga.

Bathara Kala nyusul dhateng redi Srandil kapanggih Bathara Guru, nyuwun dipunaken putra saha nyuwun tedha. Badanipun Bathara Kala dipun paringi rajah saha lajeng dipunparingi tedha arupi tiyang-tiyang sukerta. Bathara Kala kadhawuhan ndèrèk Mbok Randa Medangkamulan ingkang kagungan putra putri Raragani.

Menika ingkang radi gèsèh kaliyan lampahan murwakala ringgit purwa umumipun. Kados ingkang nyebataken redi Srandhil, redi Danaraja, Mbok Randa gadhah putra Raragani, tlaça Madirda. Lampahipun cariyos salajengipun sami.

Mbok Randa masak kekiris drijinpun, pawongan sami kaplajeng amargi ajrih dipun mangsa kaliyan Bathara Kala. Pungkasanipun Bathara Kala karuwat déning dhalang sejati inggih dhalang Kandhabuwana, kanthi dipun waos rajah ingkang wonten badanipun Bathara Kala.

Rapal ing rajah ingkang kawaos dhalang punika, miturut Mbah Sukijah mboten angsal dipun serat utawi dipun rekam

“Rapal menika kalebet wingit, mboten angsal dipun cathet utawi dipun rekam”, ngendikanipun Mbah Sukijah.

Pagelaran ruwatan ingkang kalampahkaken Mbah Sukijah laminipun watawis 3 jam. Ngantos sakpunika taksih asring dipun suwun ngruwat. Sanèsipun ing tlatah Bojonegoro, ugi asring dipun tanggap ruwatan dhateng dhaerah Nglanjuk.

(J.F.X. Hoery)



Ringgit purwa Bathara Kresno ing-nyalawadi



## Wagé Rudolf Supratman.

\*Pangripta Lagu Indonésia Raya

\*Pahlawan Nasional.

**M**ENAWI para maos tindak dhateng taman wisata Kénjèran, Surabaya ing margi Kenjeran pinanggih makam ingkang asri saha ngresepaken. Inggih punika makamipun Wagé Rudolf Supratman ingkang kulina kasebat WR Supratman, pangripta lagu **Indonésia Raya** inggih lagu kebangsaan Indonesia.

Tiyang sepuhipun maringi nami Wagé Supratman (éjaan lami Soepratman), miyos tanggal 19 Maret 1903, salaras kaliyan Keputusan Pengadilan Negeri Purworejo tanggal 29 Maret 2007. ing Dhukuh Tembelang, Désa Somangari, Kecamatan Kaligesing, kitha Purworejo, Jawa Tengah. Nanging ugi wonten ingkang nyebataken lairipun tanggal 9 Maret 1903

Inkang maringi nami tambahan **Rudolf**, mas ipénipun, nalika ndhèrèk wonten Makasar, saperlu kanggé mlebet sekolah Walandi. W.R. Supratman sedhèrèkipun sedaya 9, piyambakipun putra nomer 7. Bapakipun asma Djoemeno Senèn Sastrosoehardjo alias Abdoel Moein ingkang dados serdhadu KNIL ( Koninklijke Netherlandch Indische Leger ) utawi tentara jaman Walandi ingkang tugas

wonten Purwakarta, Jakarta, bènten ibunipun asma Siti Senèn.

Sareng bapakipun pènsiun warsa 1910, lajeng pindhah dhateng Cimahi, Wagé Supratman ndhèrèk. Wonten Cimahi Supratman dipunsekolahaken ing Sekolah Rakyat Boedi Oetomo . Nalika Supratman umur 9 taun, ibunipun séda, piyambakipun lajeng dipunemong mbakyunipun Rukiyem wonten Jakarta. Garwanipun Rukiyem bangsa Walandi, nami W.M.van Eldik ugi dados serdadu KNIL.

Nalika W.M.van Eldik kapindhah dhateng Makasar taun 1914, Supratman ugi ndhèrèk. Inggih wonten Makasar punika naminipun katambah **Rudolf**, saperlu kanggé mlebet sekolah ELS (Europesche Lagere School ) Sekolah Rakyat (SD) mligi kangge bangsa Walandi. Kanthi nami Rudolf piyambakipun saged katampi ing sekolah ELS. Nanging dangu-dangu piyambakipun kadenangan bilih sanès putranipun W.M. van Eldik piyambak, pramila lajeng dipundalaken saking sekolah ELS. Salajengipun pindhah wonten Sekolah Melayu ing Makasar.

Satamatipun saking Sekolah Melayu, ndherek ujian KAE (Klein Amtenaars Examen) utawi pegawai endhèk. Lulus ujian KAE katampi ing Normal School utawi sekolah guru ngantos tamat. Salajengipun dados guru ngantos 3 warsa wonten Makasar. Piyambakipun mboten purun nalika badhé kapindhah dhateng kitha Singkang, senaosa pangkatipun dipunindhakaken.

Wonten Makasar punika piyambakipun digegulang musik kaliyan masipun ipé, kanthi main biola. Amargi saking ketekunanipun, WR Supratman dados pinter main biola. Pramila lajeng dipunajak main wonten band **Black White Jazz Band**, ingkang dipun pimpin H.M. van Eldik piyambak. Mboten dangu dados guru, piyambakipun medal lajeng merdamel wonten Kantor Pengacara Mr. Schulten pinangka Sekretaris saha penterjemah.

Mr.Schulten punika satunggaling Walandi Indo ingkang nggadhahi semangat pergerakan kebangsaan Indonesia. Mr. Schulten asring sesambetan kaliyan tokoh-tokoh pergerakan kebangsaan ing tanah Jawi, antawisipun Dauwes Dèker, Cipta Mangunkusumo, Suwardi Suryaningrat, Ki Hajar Déwantoro saha sanès-sanèsipun. Inggih saking Mr.Schulten punika semangat kebangsaanipun W.R. Supratman kagemblèng.

Pramila piyambakipun kepengin wangsul dhateng tanah Jawi, sasampunipun wonten Makasar 10 taun. Mbakyu saha kangmas ipénipun, W.M. van Eldik nayogyani niyatipun ingkang rayi. Warsa 1914, W.R. Supratman siyos wangsul dhateng tanah Jawi,

n j u j u g w o n t e n  
S u r a b a y a  
p a n g g é n a n i p u n i n g k a n g  
m b a k y u s a n è s i p u n ,  
i n g g i h p u n i k a R u k i n a h  
S u p r a t i n a h g a r w a n i p u n  
R . K u s n e n d a r  
K a r t o d i r e j o . B i o l a  
p e p a r i n g i p u n k a n g m a s  
i p é d a d o s p i y a n d e l  
i n g k a n g t a n p a u p a m i  
i n g j a g a d i n g m u s i k .

W o n t e n  
S u r a b a y a m b o t e n  
d a n g u , k a s u r u n g  
s e m a n g a t k e b a n g s a a n ,  
W . R . S u p r a t m a n , l a j e n g  
w a n g s u l d h a t e n g  
C i m a h i n d h è r è k



Bapakipun. Piyambakipun nyambut damel wonten Serat Kabar **Kaoem Moeda** pimpinan Abdoel Moeis. Manggèn ing Bandung ugi mboten dangu, lajeng pindah dhateng Jakarta nyambut damel wonten Kantor Pawartos "**KB Alpena**" ingkang dipundegaken Parada Harahap. KB Alpena pinangka kantor pawartos kebangsaan Indonesia kanggé nandhingi pawartos saking **K.B. Aneta** gadhahanipun pamarentah Walandi.

Sareng KB Alpena tutup, W.R. Supratman pindhah wonten Surat Kabar **Sin Po**, gadhahanipun tiyang Tionghoa Melayu. Piyambakipun kathah nyerat perkawis pergerakan, perjuangan bangsa Indonésia. Ing sela-selanipun nguber pawartos, pinangka komponis, W.R. Supratman terus ngrubah saha ngripta lagu-lagu perjuangan. Punapa malih sareng mireng bilih badhé wonten Kongrès Pemuda Indonésia.

Wonten Jakarta piyambakipun asring ndhèrèk kegiatan para pejuwang ingkang mapan wonten gedung Clubhuis Indonésia (CI) Jl. Kramat Raya 106. Inggih wonten CI menika piyambakipun asring bawaraos tukar pikir kaliyan Muh. Yamin, Sugondo Joyosugito, Mr. Sunario saha sanès-saèsipun. Persiapan Kongrès Pemuda kaping I ingkang ketuanipun Moh.Tabrani dipunrancang wonten manggèn ing gedhung Clubhuis Indonésia . Kongres Pemuda I kaleksanan tanggal 30 April ngantos 2 Mei 1928.

Let nem wulan, persisipun tanggal 27-28 Oktober 1928 dipunwontenaken Kongrès Pemuda II. Ing ing Kongrès Pemuda II menika, lagu Indonesia

R a y a d i p u n  
k u m a n d h a n g a k e n ,  
s a r a n a i n s t r u m e n b i o l a .  
A m a r g i u p a m i s y a i r  
l a g u n i p u n  
d i p u n u c a p a k e n ,  
k u w a t o s b i l i h  
d i p u n g r e b e g d é n i n g  
p o l i s i P I D ( P i l i t i e k e  
I n l i n c h t i n g e n D i e n t s t  
/ i n t e l ) W a l a n d i . L a g u  
I n d o n é s i a l a j e n g  
s u m e b a r , P a r t a i  
N a s i o n a l I n d o n e s i a  
( P N I ) P i m p i n a n B u n g  
K a r n o i n g k a n g  
s e p i s a n a n n g g i n a k a k e n  
i n g w a r s a 1 9 2 9 , l a n j e n g  
n g u s u l a k a n e L a g u

Indonésia Raya pinangka lagu kebangsaan. Kasusul partai politik sanèsipun, saben mbikak rapat ngumandhangaken lagu Indonesia Raya rumiya, makaten ugi organisasi kepanduan. Ingkang sepisanan lan wantun nyebaraken lagu Indonesia Raya koran Sin Po.

Awit saking lagu-lagunipun igkang mbakar semangat kebangsaan, W.R. Supratman dipunbujeng pamarentah penjajah Walndi. Warsa 1930-1937 piyambakipun pindhah-pindhah panggéan, nyngkiri pambujengipun pamarentah Walandi. Pungkasanipun warsa 1937 W.R. Supratman ingkang nandhang sakit kaboyong masipun W.M. van Eldik ingkang sampun pindhah dhateng Surabaya.

Tanggal 7 Agustus 1937 W.R. Supratman nalika badhé siaran wonten radio NIROM (Nederlandsch Indische Radio Omroep Maatschappij), dipuntangkep Polisi kanthi pandakwa mbiyantu Jepang, lajeng dipuntahan ing pakunjaran Kalisosok. Wasana tanggal 17 Agustus 1938, W.R. Supratman katimbangan Gusti Ingkang Maha Wikan, wonten jalan mangga Jl. Mangga 21 Surabaya, jasadipun kasarèkaken ing makam umum Kapasan

Nalika tgl. 31 Maret 1956 jasadipun W.R. Supratman dipunpindah dhateng jl. Kenjeran, kapapanaken mligi. Warsa 2003 makamipun dipunpugar, taggal 18 Mei 2003 purna pugar karesmèkaken Présidhèn Mégawati.

Komplèk makamipun katinggal resik saha asri, jinangkepan recanipun suwargi, prasasti pemugaran, ugi prasasti lagu Indonesia Raya, prasasti riwayat sugengipun, lajeng pusanipun nginggil winangun biola. Makamipun W.R. Supratman pantes pinangka papan wisata religi kebangsaan. Gampil jinujug.

### Karya – karyanipun W.R. Supratman.

#### Lagu :

- Indonésia Raya (1928)
- Indonésia Ibuku 1928
- Bendéra Kita Mérah Putih (1928)
- Bangunlah Hai Kawan (1929)
- Radèn Ajeng Kartini (1929)
- Mars Kepanduan Bangsa Indonesai (KBI - (1930)
- Di Timur Matahari Terbit (1931)
- Mars Parindra (Partai Indonésia Raya) - (1937)
- Mars Suryawirawan (1937)
- Matahari Terbit (1938).
- Selamat Tinggal (1938)

#### Karya bukunipun :

- Perawan Desa 1929) Buku punika dipun beslah

pamaréntah Hindia Walandi lajeng dipun awisi sumebar.

- Darah Muda
- Kaum Panatik.

#### Pangaji-aji.

1. PP No.44 Taun 1954 tanggal 26 Juni 1958 netepaken Lagu Indonesia Raya pinangka lagu Kebangsaan Republik Indonesia.
2. Tanggal 19 Juni 1974 nampi anugerah Bintang Mahaputra Utama.
3. Tanggal 20 Mèi 1971 SK, No. 016/TK/Tahun 1971 nampi Gelar Pahlawan Nasional.
4. Tanggal 9 Maret dipun tetepaken pinangka “Hari Musik Nasional” déning Présidhèn Megawati, ingkang suwaunipun adhedhasar cathetan miyosipun W.R. Supratman tanggal 9 Maret 1903.

( J.F.X. Hoery )



# Batik Printing

(Ahmad Riza Fauzi)

**K**utha Surakarta samenika sampun dados salah satunggaling kutha ingkang kalebet wonten anggota kutha kanthi kategori *craft and folk arts* (kerajinan dan seni rakyat). Ugi kalebet wontening *creative cities world* saking totalipun 28 kutha kreatif wonten ing saindenging bawana.

Kutha Surakarta ugi sampun kondhang kaunang-unang minangka dados kutha ingkang ngrembaka ing babagan kabudayan, pramila boten mokal menawi kathah warisan-warisan budaya ingkang taksih lestান্তun wontening Surakarta. Kados dene batik ingkang sampun katetepaken dhening UNESCO rikala tanggal 2 Oktober 2009. Minangka dados warisan budaya dunia ingkang adiluhung.

Pramila boten mokal menawi kathah industri-industri batik wontening Surakarta. Sedaya industri andamel batik kangge minangkani pamundhutan para konsumen batik awit saking lokal Surakarta, sakjawinipun daerah Surakarta ngantos dumugi mancanegari.

Pengrajin batik Surakarta ing wekdal menika boten naming damel batik mawi cakrik klasik ananging ugi ngedalaken inovasi-inovasi cakrik enggal amrih para konsumen boten bosen, ingkang sinebat cakrik kontemporer utawi kreasi baru. Cakrik batik kontemporer anggadhahi jinis motif kaliyan werni ingkang maneka warna, boten ngemungaken werni soga ingkang kados cakrik batik klasik. Setemah cakrik batik kontemporer langkung inovatif.

Industri batik wonten Surakarta samenika boten ngemungaken ginakaken teknik mbatik kanthi canthing lan ugi cap, ananging ugi ginakaken alat printing. Ancasipun para pengrajin saged damel batik ingkang kathah kanthi betahaken wekdal sekedap. Boten perlu nengga ngantos dangukados dene ginakaken canthing lan cap.

Para budayawan kathah ingkang boten nyarujuki menawi ginakaken teknik mbatik kanthi printing, amargi kanthi ginakaken teknik printing

para industri batik tulis lan cap, satemah boten pajeng utawi penurunan omset. Awit konsumen batik langkung milih batik printing tinimbang batik cap lan tulis, ngengingi reginipun batik printing langkung mirah tinimbang cap lan tulis. Menika saged kelampahan amargi batik printing betahaken modal langkung alit utawi mirah, tinimbang cap lan printing.

Sejatosipun Batik Printing inggih menika boten saged dipun wastani batik ingkang sak temenipun, awit batik printing menika anggenipun damel boten mawi ginaaken malam batik, namung ngginaaken pewarna kados dene sablon utawi pewarna tekstil. Pramila wonten pemanggihipun para pakar budaya, bilih sedaya menika boten saged kawastanan batik.

Wondene tehnik anggenipun damel kain batik printing menika wonten kalih cara, inggih menika ginaaken *Hand Printing* ( manual printing) kaliyan printing ginaaken mekanik utawi mesin. Hand printing menika ngginaaken piranthi-piranthi manual ingkang langkung awrat, dene menawi ngginaaken mesin menika metode printing kang langkung gampil lan cepet ugi saged ningkataken produktifitas bahan.

Inggih sampun lumampah wonten paradigma masyarakat bilih bathik printing menika kalebet kain bathik ingkang saktekipun, kedadosan menika saged dipun pirsani menawi wonten acara resmi ingkang kedah ngginaaken sragam batik. Sedaya tamu ingkang sinedahan kathah-kathahipun ginaaken kain printing kanthi motif batik.

Masyarakat wonten ing jaman menika khususipun menengah kebawah langkung sekeca lan kathah ingkang ngginaaken kain printing motif batik amargi kain printing motif batik reginipun langkung mirah sanget katimbang batik tulis ugi cap. Faktor menika dadosaken faktor ingkang utami kang jalari batik printing langkung pajeng wonten ing pasaran

## 2.2 Sae lan Awonipun Batik Printing

- a. Saenipun batik printing
  - ✓ Anggenipun damel wekdalipun boten dangu (efisiensi produktifitas)
  - ✓ Sae, rajin, awit ngginaaken alat, boten mawi astanipun tyang mbatik.
  - ✓ Warni langkung tajem.
  - ✓ Reginipun langkung mirah.
  - ✓ Motifipun langkung presisi.
  
- b. Awonipun batik printing
  - ✓ Boten seeksklusif batik tulis.
  - ✓ Wernanipun antawisipun kanan lan kering boten selaras/sami. Boten saged dipun wastani kados dene batik tulis/cap asli.

## 2.3. Batik Printing Wonten Ing Surakarta


Wonten kutha Surakarta piyambak batik printing langkung majeng pesat. Amargi batik printing langkung kathah dipunremeni wonten pasar ana wit reginipun ingkang mirah utawi terjangkau, prosesipun ingkang langkung cepet. Wonten kutha Surakarta samenika batik printing saged ugi dipunpesen motif kaliyan warninipun miturut saking konsumen. Batik Bumi inggih menika salah setunggaling pabrik batik printing ingkang saged nampi pesenan saking konsumen ugi produksi kain batik printing kaliyan konveksi batik. Kain ingkang dipunsade menika maneka warni awit saking batik kagem seragam sekolah, batik kagem seragam kantor lan taksih kathah malih. Lokasinipun wonten Sekip, RT:5/RW:8, Kadipiro, Banjarsari, Kutha Surakarta, Jawa Tengah 57136.

### Motif Saking Batik Surakarta

Motif batik wonten Surakarta kathah sanget. Motif batik punika anggadhahi makna piyambak-piyambak. Motif batik Surakarta dipundamel kanthi maneka warni. Motif batik Surakarta ingkang populer antawisipun motif batik Surakarta motif jinis parang, motif batik Surakarta jinis kawung, lajeng motif batik Surakarta jinis sawat. Motif batik menika dipunanggep sacral lan naming dipunagem Raja kaliyan sedherekipun. Motif batik Surakarta antawisipun:

1. Motif batik Surakarta Slobog  
Slobog anggadhahi makna longgar utawi ageng. Batik Surakarta jinis Slobok punika kerep dipunagem kangge layat utawi lelayu. Makna ingkang kaandhut wonten motif batik mienika supados roh tiyang

ingkang seda menika boten wonten alangan saha supados saged dipuntampi amal kesaenanipun.



### 2. Motif Batik Sidomukti


Batik motif Sidomukti menika asring dipunagem para panganten priya. Artosipun tembung "sido" menika terus-terusan, lajeng menawit tembung "mukti" menika nggadhahi teges cukup. Menawi adhedhasar tegesipun tembung wau, lajeng tembung 'sidomukti' inggih menika representasi pangajab kangge sedayani pun tiyang ingkang ngagem supados anggadhahi gesanging kang tansah bagya mulakanthi terus-terusan, selaras kaliyan rejeki ingkang cekap saha boten nate pedhot.



### 3. Motif Batik Truntum

Batik motif truntum menika asring dipunagem tiyang sepuhipun panganten. Truntum menika nggadhahi ateges nuntun. Dados maknanipun

supados wonten sajroning mantenan, tiyang sepuh menika nuntun putranipun mlampahi gesang ingkang enggal saingga benjang dados kaluwarga ingkang sakinah.



4. Motif batik Satriya Manah

Batik motif satriya manah menika asring dipunagem dhumateng wali panganten priya wonten sajroning lamaran. Makenipun motif batik menika supados saged dipuntampi dhateng calon panganten wanita dalah kaluwarganipun.




5. Motif batik Semen Rante

Wonten sajroning lamaran menawi walinipun panganten priya ngagem batik motif satriyamanah, lajeng pihak panganten wanita ngagem batik motif semen rante. Tegesipun tembung rante menika nggambaraken satunggaling tali ingkang kokoh (sebuah ikatan), pangajab kangge tiyang ingkang ngagem menika menawi lamaran saking priya dipuntampi, lajeng pihak wanita ngajab satunggaling tali (ikatan) ingkang kiyat dhateng sedaya godha.



6. Motif Batik Parang Kusuma

Motif batik parang kusuma menika asring dipunagem dhateng panganten wanita sajroning upacara ring-ringan. Kusuma menika tegesipun sekar ingkang ngrembaka. Makenipun wanita sampun siyaga dhaup.



7. Motif Batik Pamiluta

Batik motif pamiluta menika asring dipunagem dhateng ibu panganten wanita wonten sajroning upacara ring-ringan. Motif batik menika nggadahi teges supados panganten menika boten saged pisah kadosta mimin lan mintuna. Pamiluta asalipun saking tembung pulut. Pulut menika gethipun nangka ingkang kelet sanget.



8. Motif Batik Ceplok Kasatriyan

Motif batik ceplok kasatriyan menika asring dipunagem dados kain wonten upacara kirab panganten, saderengipun kekalih panganten lenggah wonten kursi panganten.



9. Motif Batik Semen Gendhong

Motif batik semen gendhong menika jiniskain batik tulis ingkang dipunagem dhateng panganten wanita lan priya sakbiparipun upacara manten, dados awujud satunggaling pangajab supados enggal nggadahi putra ingkang tansah bekti, nurut, sarta soleh lan solehah.

10. Motif Batik Bondhet

Batik motif bondhet menika batik ingkang nggadahi desain utawi pola ingkang ruwet utawi bundhet. Kain batik menika asring dipunagem dhateng panganten wanita menawi nglampahi wengi sepisan (malam pertama). Polanipun kadosta:



- **Batik SidaAsih**

Motif geometris kanthi pola dhasar segi empat menika nggadahi teges keluhuran. Pangajabipun tiyang ingkang ngagem menika supados pikantuk kabagyan wontengesangipun.

- **Batik ratu-ratih**

Ratu-ratih menika saking tembung Ratu-Patih ingkang nggadahi teges menawi Raja menika dipundhampingi satunggaling patih ingkang yuswanipun taksih mudha. Motif batik ratu-ratih nggadahi gambaran kamulyan.

- **Batik Parangkusumo**

'Parang' inggih menika motif diagonal senjata tajem, lajeng 'kusuma' nggadahi teges sekar utawi kembang. Adhedhasar teges menika saged dipunsimpulaken menawi parang kusuma nggadahi teges satunggaling kasatriya ingkang nggadahi wibawa saha tresna marang rakyatipun.

- **Batik bokorkencana**


Batik bokorkencana nggadahi pola dhasar lung-lungan ingkang maknanipun pangajab, sarta kawibawan.

- **Batik sekar jagad**

'Sekar' tegesipun kembang, saha jagad tegesipun donya. Maknanipun wonten teges menika "kempalan sekar (kembang) sadonya". Artosipun kaendahan lan kaluhuran gesang wonten donya.

Batik menika minangka warisan saking budaya bangsa Indonesia kedah dipunlestantukaken. Awit batik menika jinisipun maneka warni ugi prosesipun wonten 3 jinis. Salah setunggaling inggih menika batik printing ingkang samenika wonten kutha Surakarta, kathah sanget ingkang remen utawi peminatipun awit batik printing menika langkung mirah ugi motifipun maneka warni.

## *Cariyos Rakyat Pacitan* **Tumungkul, Tanpa Pinupuh Perang**



Komplek makamipun Ki Ageng Kalak, inggih Gusti Kalak ing Desa Kembang, Kecamatan Donorojo, Pacitan.

**S**ampun sawatawis Ki Ageng Tembayat lenggah anteng ing pendhapi. Kala-kala Ki Ageng unjal ambegan landhung. Pinten-pinten dinten punika penggalhipun munyer, sasampunipun nampi dhawuh saking Kanjeng Sultan Demak Bintara. Penggalhipun nglangut. Ngantos mboten sumerep, bilih Nyai Ageng sampun jumeneng ing kéringipun, kaliyan mbeta kopi saha jadah gorèng.

“Mboten ta Kyai, kula gatosaken wiwit kalawau Panjenengan kok katingal sekel ing

penggalih. Sakleresipun wonten punapa ta Kyai. Menika menawi kula pareng tumut-tumut mikir,” ucapipun Nyai Ageng Tembayat.

“Heh, bener kandhamu, Nyai. Pancèn ora ana alané yèn Nyai mélu ngudhari sing dadi ruweting pikirku. Jer iki pancèn ana gandhèng cènèngé karo jejibahanku lan lan bumi Tembayat kéné.”

Mireng ngendikanipun Kyai Ageng, Nyai Ageng lajeng lenggah ing ngajengipun, lajeng miterang:

“Genahipun kados pundi ta, Kyai. Kok sajakipun wigatos sanget. Menapa ing Tembayat wonten rerusu, makaten menapa?”

“Ora, ora mangkono. Ing Tembayat sasuwéné iki aman, para santri dalasan para warga padha tentrem ayem kabèh.”

“Lajeng ingkang dados penggalhanipun Kyai menapa?”

“Aku antuk dhawuh saka Njeng Sultan Bintara, supaya bisa nelukake Ki Ageng Kalak. Marga ing tlatah pegunungan Sewu, mligine ing tlatah Wengker Kidul, mung kari Ki Ageng Kalak sing durung ngéblat menyang Demak Bintara.”

“Ki Ageng Kalak ing Ngretati, menapa?”

“Iya bener. Dhèwèké mangrèh Ngretati sing tlatahe wiwit Randukurung nganti mangetan tekan Rejasa, wewengkone Kakang Ki Ageng Petung. Kajaba rèh-rèhané Jembar, dhèwèké kanggonan ngèlmu kanuragan, jayakawijayan kang tatarané dhuwur, kaya Ki Ageng Buwono Keling ing Jati.”

“Lha punapa kersanipun Njeng Sultan, kedah ginebag ing ngayuda?”

“Ora. Kanjeng Sultan malah ora ngeparengaké aku nyayoni perang. Amarga yèn ginepuk sarana perang, akèh kawula cilik kang dadi baten. Iki kudu disingkiri. Kanjeng Sultan ngersakaké, diarah kenaa iwaké nanging aja nganti butheg banyuné.”

“Lajeng, Kyai menapa sampun angsal wewangunan, menggahing margi ingkang badhé tinempuh?”

“Uwis. Nanging iki aku ya butuh pasarujukanmu, Nyai.”

“Lho, kok kedah mawi sarujukkula, genahipun kados pundi?”

“Iya, marga iki ana gegandhèngane karo kulawargané dhéwé.”

“Ah, kula kok malah kodheng ta, Kyai. Pripun ta cethané.”

“Ngéné. Karepku Ki Ageng Kalak arep takpikat karo anakmu wadon.”

“Ndika niku yèn ngendika. Jenèh tiyang kok badhé dipikat kados perkutut mawon.”

“Genahé ngéné. Iki rak lagi mangsa panèn. Anakmu Rara Asih takkon mèlu ani-ani ana sawahé Ki Ageng Kalak. Mengko yèn Ki Ageng ngerti anakmu, mesthi kepenuté. Aku takngaku omahé adoh, Rara Asih tak titipna kanggo mèlu ani-ani ésuké, syokur yèn bisa mèlu réwang-réwang ana ngomah.. Aku percaya yèn Ki Ageng Kalak nampa. Yèn wis ngono, mbésuk anakmu wadon iku kang

bakal ngeluk atiné Ki Ageng.”

Mireng ngendikanipun Kyai Ageng, ingkang èstri namung manthuk-manthuk.

Énggaling cariyos, Rara Asih mboten suwala kaliyan krénahipun ingkang bapa. Kyai Ageng Tembayat bidhal dhateng dusun Ngretati, kaliyan putranipun saperlu ndhèrèk derep.

Ingkang dipun jujuk dhateng sabin ingkang nengah-nengah panèn, sabinipun Ki Ageng Kalak. Rara Asih langsung tumut obyakipun tiyang-tiyang ingkang sami ani-ani. Mboten nginten putri sulistya putranipun Ki Ageng Tembayat pranyata ugi limpat ngecakaken pugut. Suwanten geherongan tiyang-tiyang jaler ingkang mbelahi ppantun, sineling gegojeganipun para pawestri ingkang sami mugut, ngrenggani asrinipun swasana panèn.

Kyai Ageng Tembayat ingkang mangagem satatning kawula prasaja, nenggani saking katebihan. Wanci tengangé Ki Ageng Kalak nuwèni ingkang sami ani-ani. Piyambakipun rumaos bombong mirsani para warganipun ingkang sami sengkut ani-ani.

Kyai Ageng Tembayat ingkang kèndel wonten sapinggiripun sabin ing pekarangan klapa, pirsawonten Ki Ageng Kalak lajeng ndamel pangeram-eram saperlu narik kawigatosan. Piyambakipun nyelaki wit klapa, lajeng dipunero. Saéngga sawatawis klapa sami ceblok.

Mireng suwanten pating kedebug, Ki Ageng Kalak mirsani arahipun suwanten. Kagèt pirsawonten tiyang ngerog klapa, pramila lajeng murugi sarwingendika;

“Lho, lho Ki Sanak Sampéyan niki pripun. Klapa Sampéyan erog, ha rak rusak, sami ceblok sedaya.”

“Kula ngelak Gusti, anggkah kula namung badhé mendhet deganipun setunggal badhé kulainum, é... malah kathah sing katut ceblok.”

“Mendhet klapa degan menawi caranipun ngaten menika ngrusak. Amrih mboten risak saha namung mendhet ingkang dipunbetahaken, caranipun makaten.....” ngendikanipun Ki Ageng Kalak, kaliyan astanipun ngawé wit klapa. Kanthi gaibing Pangéran, klapa mentiyung ngantos klèngsrèh siti. Ki Ageng lajeng mendhet deganipun, sarwi ngendika: “Menawi ngaten rak mboten risak, saged mendhet ingkang dipunbetahaken kemawon.”

Bibar mundhut degan saha ngendika makaten, Ki Ageng Kalak lajeng ngipat-ngipataken astanipun minggah, anèhipun glugu lajeng ngadeg malih kados suwaunipun.

"Mboten ta, ki Sanak, Sampeyan menika saking pundi lan badhé dhateng pundi?" pitakènipun Ki Ageng Kalak.

"Oo, kula saking Randukurung, ngeteraken anakkula ndhèrèk mugut wonten sabinipun Gusti Kalak punika. Padatanipun ingkang pados berahan derep Embokipun, nanging kaleres menika Embokipun mboten pados sekeca. Mireng bilih sabinipun Gusti Kalak wanci panèn, mila anakkula ingkang kula jak mriki."

"Oo, ngaten. Lha putranipun ingkang pundi?"

"Lah menika,..." Ki Ageng Tembayat nudingi putrinipun, lajeng nimbali. "Sih, Asih... mréné dhisik, Nduk."

Inggang dipuntimbli mara.

"Wonten napa, Pak?"

"Iki Gusti Kalak, sing kagungan sawah."

"Oh, inggih. Nuwun Gusti, kula ndherek mugut," aturipun Rara Asih, marikelu ing ngajengipun Ki Ageng Kalak, mboten wantun nyawang. Suwalikipun Ki Ageng Kalak, semu kamitenggeng dupi pirsas Rara Asih. Ngantos sawatawis mboten ngandika, ing batos ngalem kasulistyanipun, saha wonten raos eman déné laré kados makaten kapurih tumut derep.

"Oh, Ki Sanak kok mboten mesakaken putranipun, lare kados nekaten kapurih tumut ani-ani, mangké harak mbesisik kulitipun."

"Sak sampunipun ta Gusti, kadereng saking kabetahan." jawabipun Ki Ageng Tembayat, lajeng nanting putranipun.

"Asih, kowé mengko rak ya melu bali ta, sésuk mréné budhal mruput."

"Lho, lha inggih ta Pak, yèn mboten wangsul badhé sipeng pundi."

"Ookk, ookk.. " Ki Ageng Kalak pawadan watuk, lajeng ngendika dhateng Kyai Ageng Tembayat.

"Randukurung menika rak inggih tebih ta Ki Sanak. Menapa mboten mesakaken putranipun menawi diajak wangsul, lajeng mbenjing mriki malih. Kados pundi menawi putranipun kersanipun nyipeng wonten Kanjengan, kemawon?"

"Matur nuwun, Gusti. Menika kantung Asih, purun menapa mboten."

"Piyé mengko ora susah bali, bèn bapakmu baé sing mulih nggawa bawon. Kowé kèri ana kanjengan?"

"Kula namung ndhèrèk kemawon, menawi Bapak, marengaken."

"Lha yèn ngono, sésuk kowé ora susah mèlu nyang sawah, réwang ana ngomah waé, " ngendikanipun Gusti Kalak dhateng Rara Asih. Lajeng ngendika dhateng Ki Ageng Tembayat, :

"Ngaten Ki Sanak, Asih kersanipun kantung, syukur menawi Ki Sanak ngidini piyambakipun manggèn wonten pengkeran, kersanipun ngertos kridanipun para putri, lirinipun Asih kersanipun magang."

Ki Ageng Tembayat pirsas arahing rembag, ing batosipun, ngendika "Iya iki sing tak karepaké."

"Menawi kersanipun Gusti Kalak makaten, kula namung nyumanggakaken, masaborong, kula titip pun Gendhuk."

"Dhawah sami-sami, Ki Sanak."

Sampun sawatawis Rara Asih kasengker Ki Ageng Kalak. Raos trèсна tansaya ngrembuyung, ingkang pungkasanipun Ki Ageng ngersakaken anggarwa Rara Asih, senaosa sampun pirsas bilih punika putranipun Kyai Ageng Tembayat.

Awit agenging trèsnanipun, badhéya kados pundhi wedharing lelampahan ing tembénipun, Ki Ageng Kalak sampun sumadya andhadhagi.

Ki Ageng Kalak lajeng tindak dhateng Tembayat nganthi Rara Asih, saperlu angembun-embun énjing ajejawah sonten. Katampi panglamaripun, kepara Ki Ageng Kalak malah dados siswanipun Kyai Ageng Tembayat, ginulang wewarah agami Islam.

Sasampunipun pahargyan dhaup, saha sawatawis wekdal Ki Ageng Kalak wonten Tembayat, lajeng kondur dhateng Ngretati. Elokong jagat, sakonduripun saking Tembayat sedaya ngelmu kanuragan, jaya kawijayanipun Ki Ageng Kalak ical. Inggih wiwit punika Ngretati lajeng mangéblat dhateng Demak Bintara.

Ki Ageng Kalak inggih Gusti Kalak netep wonten Ngretati, ngantos sédanipun. Makamipun mapan ing Désa Kembang, Kecamatan Donorojo, Kabupatèn, Pacitan éring kilèn. Ngantos sakpunika, makamipun Gusti Kalak dados papan pasujarahen.

(J.FX. Hoery)

*Katrangan :*

Pugut = alat kanggo ngeneni pari.

Mugut = ani-ani.

Bawon = pari opah ani-ani.

Mbelahi = nalèni pantun utawi nggendheli.

Derep = ngundhuh pari..

## Bagus ora Pengin dadi Suket Teki

Dening : Zuly Kristanto

“Gus, tinimbang glosaran kaya ngono kuwi mbok sinau-sinau kono!” prentahe Pak Adi menyang anake.

“Mangke, Pak. Kula taksih kesel,” wangsulane Bagus.

“Banjur kapan ilange keselmu? Bapak sawang kawit sore mau sing kok tindakake pancet ngono wae. Awakmu kuwi niat sekolah apa ora?”

Merga wedi bapake luwih duka. Wusanane Bagus gelem nglereni anggane glosaran. Dheweke banjur menyat lan tumuju menyang kamare saperlu jupuk buku. Sarampunge jupuk buku Bagus bali menyang papane sakawit. Buku banjur diulak-alik. Durung jangkep rong puluh menit anggane maca buku. Bola-bali Bagus angop. Gandhenge ora kuwta ngempet ngantuke. Buku diselehake. Lan *makless* Bagus keturon.

Kegawa swasanane lagi udan deres. Anggene Bagus turu sajak angler banget. Dheweke lagi tangi sawise digugah ibune. Wektu kuwi jam ing ruwang tamu nuduhake jam setengah enem sore.

“Wah, kok wis sore banget. Gek PR saka Bu Guru durung dakgarap. Gek piye iki?” batine Bagus.

Merga enggal cepet nggarap PR-e, samungkure tangi Bagus langsung jumangkah menyang jedhing saperlu adus. Ing satengahe adus kuwi dumadakan lampu jedhing mati. Swasana jedhing sing maune padhang jingglang dadi peteng dhedhet.

“Bu, listrike kok mati?”

“Ana pemadhaman, Le.”

“Gek niki pripun?”

“Sik menenga sedhela. Ibu bakal njupukke senter.”

“Nggih, Bu.”

Ora watara rong menit candhake. Lampu ing jedhing bali murub. Kahanan iki ndadekake Bagus luwih rikat angene adus. Tumindak iki ditindakake merga Bagus wedi lampune bakale mati maneh. Kurang saka semenit candhake Bagus wis mentas saka jedhing.

“Untung matine ora suwe. Dadine aku bisa nggarap tugasku,” batine Bagus.

Nanging durung adoh anggane jumangkah ninggalake jedhing. Lampune mati maneh. Untunge wektu iku ibune Bagus wis cedhak saka papan ngadege Bagus lan kebeneran maneh ing wektu kuwi ibune Bagus wis ngasta senter.

Lampu senter iku mau dening ibune Bagus banjur diurubake. Peteng wengi gara-gara mati lampu rada suda gara-gara perbawa lampu sentere ibune Bagus.

“Le, tulung cekelna senter iki. Ibu tak nyumet lilin dhisik!” prentahe ibune.

“Inggih, Bu,” wangsulane Bagus cekak.

Ing kalane nyenteri ibune sing lagi ngempakake lilin, Bagus kok ora ngerti bapake.

“Bu, bapak dhateng pundi ta?”

“Oalah, iki mau bapakmu diajak Pak Lurah blanja keperluan kantor desa menyang kutha. Ana apa Le?”

“Nggih, mboten wonten napa-napa, Bu..”

Sawise lilin cacah lima disumet bareng. Ibune ngutus supaya mapanane lilin-lilin iku ing papan kang dianggep perlu. Diutus kaya ngono dening ibune. Bagus bisane mung manut.

“Bu, kula nyumet lilin malih pareng?”

“Kok nggo apa Le?”

"Badhe kula damel nggarap tugas, Bu."

"Hla, sore mau tugamu apa durung sida kok garap?"

"Hehehe dereng, Bu. Wau sonten mergi kekeselen dolanan kula keturon."

"Oalah, Le...Le. Suk..suk maneh aja diambali maneh hlo ya! Untunge iki mau bapakmu lagi ora ana ing omah. Upama bapakmu ngerti, bisa-bisa awakmu bakal didukani."

"Nggih, Bu. Bagus janji mboten bakal ngambali malih."

"Yen ancasmu pengin nggarap tugas. Aja nganggo lilin. Nggawe iki wae," ngendikane ibune sinambi ngempakake senter maneh nanging *skakele* diarahake menyang tengah.

Bagus lagi ngerti senter anyar kagugane ibune kena diowahi *mode* murube seneng banget atine. Tanpa kakehan kumecap. Bagus banjur tumuju menyang kamare saperlu njupuk buku lan alat tulise.

Kira-kira telung menit candhake tugas-tugase sing digarap Bagus meh rampung. Mung kurang soal siji sing gawe bingunge Bagus. Merga ora nemu wangsulane saka soal kuwi. Bagus bola-bali ngacak-acak rambute pamrihe bisa nemu wangsulane saka soale kuwi.

"Ana apa ta Le kok rambutmu kok acak-acak kaya ngono kuwi?"

"Niki hlo Bu. Kirang soal setunggal mawon kok rekaos sanget."

"Hla soale piye? Sapa ngerti ibu bisa aweh pambiyantu."

Bagus banjur macakake isine soal menyang ibune.

"Oalah yen mung kaya ngono gampang, Le?"

"Mila ta Bu? Lajeng napa mawon ingkang kenging damel tuladha tumindak males-malesan menika kirang sae ditindakake."

"Akeh banget, Le. Salah sijine ya suket teki."

"Hlo, sesambetane suket teki kaliyan sipat males napa Bu?"

"Ngene hlo Le. Suket teki kae gelem tangi yen udane

wis dadi. Sipate suket teki sing kaya ngono kuwi nggambarake sipate wong manja, senenge sarwa kepenak, akeh aras-arasene lan ora gelem tumandang menawa ngalami kahanan sing ora kepenak. Mula saka kuwi suket teki kerep digunakake kanggo nglambangake tumindake wong males."

"Oalah mekaten ta, Bu?"

"Iya, Le. Mula saka kuwi awakmu aja malesan lan aja duwe sipat aras-arasen kaya sing diduweni dening suket teki."

"Nggih, Bu. Kula janji mboten bakal nulad lampaha suket teki."

Sarampunge oleh katrangan saka ibune. Bagus banjur nulis apa sing dijlentrehake ibune iku mau ing bukune. Ing kalane nulisake wangsulane saka soal sing mungguhe paling angel. Bagus rumangsa kedhodhog batine. Dheweke isin banget marang awake dhewe. Bagus rumangsa isin jalaran sasuwene iki sipate persis banget klawan suket teki.

Ora suwe sawise rampung anggene nggarap tugase. Saka njaba Bagus keprungu bapake uluk salam. Bagus banjur menyat saka meja sinaune saperlu mbukake lawang kanggo bapake.

"Untunge anggene bapak kondur tugasku wis rampung. Upama durung rampung mesthine aku bakal didukani bapak nganti entek-entekan. Jebul sing dikandhakake bapak bener. Sing jenenge tugas iku kudu enggal dirampungake supaya luwih entheng lan kena kanggo ngawekani tumindak sing ora kena dinyana kapan tekane. Kaya kang dumadi wengi iki. Pokoke wiwit dina iki aku wegah males-malesan maneh. Aku wegah dadi suket teki," batine Bagus sinambi terus jumangkah tumuju lawang ngarep.

**Biodhata Penulis**

**Zuly Kristanto**

**085707088247**

**Ds. Mirigambar Kec. Sumbergempol Kab. Tulungagung**

# WARUNG KOPI PANGKON

Racikanipun : Nono Warnono

**K**adidene wartawan Prayoga pranyata ugi nggadhahi jiwa telik sandhi. Liripun, kaprigelan mbirat maneka kasus ingkang kabiwarakaken ing ariwarti papanipun makarya, sok wonten kahanan tartamtu ngedahaken pados sisik melik gegayutan kaliyan pawartos ingkang badhe kapacak. Amrihipun mboten kenging somasi saking pihak ingkang nembe kawiyak kasusipun.

Wengi malem minggu piyambakipun kleresan mlampah ngenggar-enggar manah ngiras pantes pados kuliner remenanipun. Gegancangan tumuju salah setunggal wande sadayan menu ayam bakar. Wande ayam bakar Chichi panci sampun kondhang kanthi menu khasipun ing Pasar Agrobis Babat Lamongan.

Salah setunggal peken mligi dol-tinuku sayur mayur lan buah-buahan. Peken ingkang regeng suk-sukan ing wanci dalu. Inggang sami transaksi para pengepul miwah bakul saking maneka papan panggenan. Nanging mboten sekedhik ingkang sami ngersakaken mundhut eceran kangge keperluan ibu-ibu rumah tangga.

Senajan winastan peken sayur lan buah, jebul maneka transaksi bisnis wonten ing papan ngriku. Ing sisih ngajeng wonten toko kelonthong lan elektronik. Tembing kilen mligi buah-buahan. Ing wingking sisih ler palawija. Tengah kathah ambelasah sami nggelar dagangan sayur-mayur. Parandene mapan paling wetan wonten maneka kuliner. Klebet wande kopi ingkang jaman samangke dados primadona ing maneka papan jejagongan.

Sinambi ngrantos pesenan menu ayam bakar cumepak, piyambakipun lenggahan sinambi kekiter panyawang ing saindenging wande. Mboten sengaja saking sela-selaning tabir ngajeng wande, pandulunipun kacandhet sesawangan aeng ingkang narik kawigatosan. Wonten wande remeng-remeng ing wetan masjid peken. Para peladenipun kenya umur las-lasan taun kanthi dandanan menor menganggo sandhangan sarwa sesksi.

Kedhep tesmak anggenipun nyawang swasana ganjil wau ngantos mboten maelu kahanan ing sakiwa-tengen.

“Mangga, Mas,” gurawalan keget disemantani peladen wande.

“O, inggih Mbak.” sinambi wangsulan astanipun wadon kalawau dipun candhet.

“Mbak nuwun sewu, wande wetan masjid peken nika napa wande kopi?”

“Leres Mas, wande kopi pangkon tiyang mrikiyen mestani.”

“Mbak?!” swanten pangundangipun Prayoga. Inggang dipun undang mboten kepireng jalaran sampun jumangkah lelados dhumateng para pelanggan ingkang kathah sanget.

Wartawan ingkang asring dipunpoyoki jaka tuwa dening para kanca-kancanipun wau wiwit ngrahabi ayam bakar. Ulenging pangangen mabur adoh nggathuk-nggathukake menapa kanyatan ingkang nembe dipun prangguli kaliyan kabar sinambiwara ngengingi criyos wande kopi pangkon.

Ingaran wande kopi pangkon karena anggenipun sadayan kopi mboten kados wande salimrahpun. Keplok kaliyan naminipun, lakar sadayan kopi dipunwimbuhi servis gratis mangku bakul sinambi gegojegan. Wanita-wanita mligi ingkang sampun disedhiyakaken.

Warung kopi pangkon estunipun sampun makaping-kaping dipunrazia dening satpol pepe pemerintah daerah kono. Wola-wali dipunobrak, dipunoyak-oyak. Kasunyatanipun sepen sauntawis, mboten dangu enggal bikak malih wonten ing papan sekawit.

Rampung ngrahabi saha ndhuwiti menu ayam bakar, wartawan ingkang asring mbikak kasus kriminal kalawau enggal jumangkah tumuju dhateng wande kopi pangkon. Wande ingkang wiwit kalawau dados kawigatosan mirunggan.

Senajan nembe sepisan menika mlebet ing wande ingaran kopi pangkon, parandene ketingal mboten ewuh-pekuwuh kepara kados sampun dados pelanggan ajegan. Samudaya kalawau mbokbilih kadayan saking jiwa jurnalis ingkang mboten wigah-wigih tansah saget nyarasaken kahanan punapa kemawon.

Pramila sasampunipun lenggah nyawiji kaliyan para pelanggan, piyambakipun langsung saget ngomyongi pirembaran utawi gegojegan ingkang mambet lekoh lan saru dipunpirengaken. Selajengipun jiwa telik sandhi wiwit dipun cakaken. Mboten kawistara yen piyambakipun sawijining jurnalis, ananging api-api kados pelanggan sanesipun ingkang racakipun jaler hidung belang.

Panyawang seser nyamudana tingkah-polahipun tiyang-tiyang ingkang sami mbebeda peladen kopi. Disetitekake lelawanipun bakul kopi ingkang estunipun taksih mudha ananging rinaos kados sampun dhiwasa emperipun wanita-wanita ing papan pelayahan.

Ngantos lingsir wengi dereng pikantuk kalodhangan kangge prasapa pribadhi. Kangge mbirat cryos gesang lelakonipun wanita-wanita mudha ing wande kopi pangkon kalawau ingkang sayektosipun.

Senadyan kedah nengga kalodhangan ngantos jam-jaman, piyambakipun tetep sabar sagetipun kasembadan wicantenan mirunggan kaliyan wadon ingkang sanget dados kawigatosanipun manah. Kados wonten pangraos ingkang werit dipun werdeni suraosipun. Raos aeng ingkang mboten kuwawi kakipataken saking tungtunging nala.

Nembe tabuh kalih saget wicantenan kanthi kahanan mardhika. Kanthi panyawang nakal wadon wau saget dipunajak bawarasa ing papan poncot wande ingkang kahananipun sampun sepen jalaran wengi sampun tebih gumlewang.

Sanalika astanipun Prayoga kaulungaken kanthi panyawang kebak teges.

“Prayoga,” pangucapipun cekak.

“Santi,” tumanggapipun namung sakecap.

“Wis lawas kerja ing kene?” ngoyak

pitakenan sinambi ngluwari anggenipun sesalaman.

“Telung taun”.

“Asli Babat?” mbledig wangsulan kanthi panyawang tajem.

“Semarang,” wangsulanipun kanthi tumungkul kados wonten raos ingkang dipun singidaken. Salajengipun diwewantun nylulupi batinipun priya ingkang nembe aben ajeng.

“Semarang ngendi?”

“Mburi stasiun Poncol Semarang Mas.”

Prayoga taksih kabekta ulenging lelamunan.

“Mas Prayoga asli Babat kene?”

Inkang dipun takeni mboten kuwawa sabawa. Namung gedheg, pratandha bilih piyambakipun tiyang tebih ingkang nembe laku bara pados kaya.

Pikiranipun Prayoga dados uleng. Kumlebat wewayangan nalika tepung wanita sulistya ingkang dipuntresnani. Naminipun Palupi. Kepireng endah. Mapan sawingkingipun stasiun Poncol Semarang. Katresnanipun kandhas jalaran mboten pikantuk palilah saking tiyang sepuh kekalih. Senadyan wiji dadi saking Prayoga sampun dados jabang bayi ing kandhutanipun Palupi, mboten dipaelu. Wekdal semanten Prayoga taksih panji klanthung. Pengangguran. Medal saking pamulangan es-em-a dereng cepeng pendamelan ingkang gumathok.

Pepuntonipun pilih ngulandara sapanaran ngantos ketangsang ing kitha wingko Babat. Dados wartawan setunggaling media nasional. Dipunugemi mboten krama memangun bale wiswa jalaran tresna ingkang mboten saget kaliyeraken wanodya sanes.

Anggenipun nglamun mboten ginerba yen tansah sinawang dening Santi.

“Bojone asli kene Mas? Santi nglajengaken pitepangan. Prayoga puguh godheg. Lajeng kawedal pangucap lirih.

“Durung wani omah-omah Mbak. Isih kepengin urip bebas mrana-mrene nuruti lakune ati.”

Mboten kawilang sampun kaping pinten Prayoga dhedhemitan nyawang praupanipun Santi.

Dheg!! Tansaya dipuntamataken nyawang citranipun kenya sangajengipun, tansaya ngalela kambi praupanipun Palupi ingkang sulistya ing dina-dina kawuri. Nyigar jambe wadanipun.

“Ngapa Mas leh nyawang aku kok sajak beda? Ana sing aneh? Dipunsaruwe Santi, Prayoga gurawalan.

“Ora mbak, mung kegawa perasaan. Sepurane.”

Sawetawis wekdal kekalihipun sami-sami mendel datan wicantenan. Pangangen lumampah mecaki lelakonipun sowang-sowang.

“Yen ra kabotan, aku kepengin ngerti larah-larahe adoh saka Semarang nyambut gawe tekan papan kene kuwi piye?” swaranipun Prayoga mbirat kahanan.

Inkang dipunbledig pitakenan sajak awrat pangraosipun minangkani asung wangsulan perkawis ingkang sanget pribadhi. Sanalika ndhingklik kanthi guwaya kekembang eluh. Dhadha kamisesegen. Swanten groyok asung wangsulan.

“Aku ning papan iki sejatine mung kepengin mlayu saka nasib sing lagi taklakoni, Mas. Wong tuwaku pisahan nalika ibu nandhang lara. Adhiku telu isih cilik-cilik. Butuh ragat akeh. Aku pamit ibu nyambutgawe dadi karyawan pabrik ing Surabaya.”

Saramungipun criyos magepokan kaliyan lelakon ing nembe dipunpecaki, eluh deres kados tumetesi jawah. Wola-wali dipun usap kanthi asta sesraweyan. Prayoga kerem raos pangraosipun. Welas ingkang dhahat nunjem manah.

“Ibu sing kok bot-i melu sapa?”

“Saomah karo simbah lan adhiku telu.”

Prayoga ambegan landhung.

“Jenenge ibumu sapa?”

Santi dangu mboten kecongah wangsulan. Taksih ketungkul sraweyan ngulapi eluh ingkang terus ajeg dumlewer.

“Palupi, Mas.” Wangsulan sinambi ngulungaken gambar sawijining wanita sajroning android. Ketingal wanita ingkang raganipun aking nandhang sakit tetaunan

Prayoga sumendhal manahipun. Disamudana kanthi maneka solahbawa. Parandene ing praupan tetep kawistara ngempet dhuhkita.

“Palupi...Santi...” Prayoga nyebut nami kanthi lirih.

“Ateges....!?” Tembungipun pegat-pegat. Spontan arsa ngruket Santi. Nanging enggal nglenggana bilih trekah mekaten saget ndadosaken gendra.

“Ana apa, Mas?” Santi nyaruwe.

“Ora ana apa-apa kok, aku mung lagi kegawa swara batin. Maklum warung kopi kene krasa romantis” Ukara nyamudana amrih mboten kongsi kejdheran bilih Santi menika anak biologisipun Prayoga.

“Oh ya Santi, yen ora kabotan...mbesuk yen mulih Semarang aku ndak melu dolan mrana kepiye?”

Santi mboten kasdu wangsulan. Suprandene swara ayat-ayat Al-Qur'an sampun ngumandhang saking corong masjid. Ateges ndhungkap wektu subuh. Lan wande kopi pangkon kedah sampun dipun tutup.

Prayoga nengga ngantos rampung anggenipun ringkes-ringkes. Sampun mangertos bilih sadangunipun lelados ing wande kopi, Santi kontrak griya sawingkingipun Pasar Agrobis Babat. Ngontrak kalih kancanipun nunggil pakaryan. Sajurusan kaliyan griyanipun Prayoga ingkang dipunfasilitasi dening perusahaan media papanipun nyambut damel.

Pramila wanji wangsul saking peken, mobilipun Prayoga mandheg sawatawis dangu sangajengipun griya kontrakanipun Santi sakanca. Dipunsawang manther kori ingkang sampun tinutup. Netranipun kekembang eluh. Dhadhanipun kamisesegen. Kepireng punagi raos duwung.

“Santi apuranen bapak ya Ndhuk...”

Kendharaan gelis lumampah tleser-tleser mbekta manah rojah-rajuh. Njumputi lelakon cariyos gesang ingkang tansah gumawang njejuwing. Saking katebihan adzan subuh sampun ngumandhang. Ngundang-undang manungsa gegancangan jama'ah sholat sembahyang.

Cuthel

# KI DHALANG KANDHA SASMITA

*Dening: St. Sri Emyani*

**K**i dhalang Sasmita, kados ngoten asma undhanganipun. Asma jangkepipun inggih menika ki dhalang Kandha Sasmita. Laris manis sanget anggenipun mancal keyyak nuthuk kothak wonten sangajengipun pakeliran. Anehipun, larisipun ki dhalang setunggal menika mboten amergi: sabet ipun sanggit, ontowicana utawi saenipun anggenipun ngruwat. Ananging, jumbuh kalih asmanipun inggih menika Sasmita ngendikanipun wekdal ndhalang. Reja-rejanipun buntutan, kados: KSOB, SDSB ugi TOGEL ki dhalang ingkang setunggal menika tansahdipun rantos kalih ingkang katrem utawi sami kepranan buntutan. Utaminipun ingkang katengga, inggih menika wekdal adegan Limbukan dalah Petrukan.

“Run run Paerun Jenggot.”

“Wonten menapa ta dhe Wira Degleng.”

“Apa krungu warta engko bengi ki dhalang Sasmita Metruk ning desa Sugih Arta?”

“Bik Kharomah sadeyen klici wau inggih mbisiki kawula, menawi ki dhalang Sasmita mangke dalu leres badhe ringgitan wonten ndaleme demang Djaya Taruna tlatah Sugih Arta ta dhe Wira.”

“Engko nonton ya Run..?” Paerun Jenggot dereng ngantos nyukani wangsulan, anggenipun taken Wira Degleng, Cecaturan kandheg. Amergi, saking margi wingking mireng swanten srandhal jepit. Yo Allah, bik Khoromah mlampah sajak kesesa sesa.

“Nuwun sewu, inggih bapak bapak...” Warandha putra sanga katinggal tilar donya keng rakane ingkang karan Pusada Landhep menika uluk salam kalih ndhingkluk kurmat. Kebak ingsubasita.

“Iya iya dik Kharomah. Iki arep mnyang nyendi ya..?” Paerun Jenggot gantos nguncalaken pitaken.

“Badhe dhateng wande tumbas kacang, damel klici. Dipun sade mangke dalu wonten bale dhusun Sugih Arta kang Paerun Jenggot”

“Sik, sik... Engko bengi sing Metruk apa ki Dhalang Sasmita ta dik Kharomah?” Gantos ingkang pitaken dhe Wira Dhegleng.

“Sanjangipun Bimasena yoga kula pembayun wau enjing inggih kados makaten ta pak Wira Degleng.”

“Ngapunten kang Paerun kalih pak Wira Degleng kula kepareng pamit rumiyin. Mangke pasaripun keselak bibar. Amergi, samenika bakul Etheke anjrah, biasanipun jam sanga bakul teng peken sampun kathah ingkang kesah.”

“Inggih mugik kathah rejeknipun”

“Amin sembah nuwun kang Paerun Jenggot.”

Warandha prasaja menika nilaraken priya kekalih ingkang taksih lenggah wonten buk petung kaliyan bah... boh.. udud mboten supe ngeses udud Thingwe. (Nglinthing dhewe). Sawetawis menika, saking wit Sono Keling wonten suwanten Tekek ingkang mbedhah suwanten amem.

“Othok..othok... Tekek...!!!! Paerun Jenggot ngutahaken gunem, sasampunipun Tekek menika mungel.

“Sugih”

“Tekokkkk!!!”

“Mlarat.”

“Tekookkkk.”

“Sugih..”

“Pinter kowe Tekek”. Sareng mungelipun Tekek menika wau kendel wonten etangan sugih. Paerun Jenggot surak hore!! Remen sanget kados lare alit dipun sukani permen. Jan janipun si Tekek kendel angsale mungel menika wau, amergi si Tekek wanita kekasihe ingkang wonten pang Sono ngandhapipun sampun dugi. Tekek menika salajengipun saresmi, damel nerusakengenerasi salajengipun. Inggih untungipun angsalipun ngetang kawiwiti saking

Sugih. Menawi saking mlarat, pungkasanipun ingih ngepasi mlarat.

Benten melih kalih pakdhenipun Wira Dhegleng ingkang sampun keyungyun kalih buntutan ngetangi swantenipun si Tekek kaping pinten ngoten.

“Alhandulillah... swantenipun Tekek niku wau ingkang pungkasan kepanggih Sugih. He he he dhasar inggih Tekek pinter.” Paerun ngalembana si Tekek.

“Run Paerun. Kok Tekek kok arani pinter kuwi apa sekolah?”

“Pinter menika mboten namung ingkang lenggah teng bangku sekolah kemawon lho dhe Wira Dhegleng.” Paerun nyaruwe ngendikane dhe Dhegleng.

“Apa hiya Run...?”

“Inggih, kasunyatanipun pak Dampar Sangkauni rencangkula sekolah rumiyin kepleg pelajaran blas mboten mlampah. Ananging, samenika kasunyatanipun saget lenggah kursi empuk dados Dhewan. Hayo?”

“Iya. Malah dulurku Suman sing sugih bandha kae saiki isa dadi Jeksa ning kutha lho Run.”

“Aneh nggih dhe Wira Dhegleng.”

‘Ora ana sing aneh Paerun Jenggot. Ya muga muga wae sesuk awake isa nembus buntutan syukur sakope pisan ya?. Sheet..Tekek mau tak etung olehe muni kok ping rong puluh ta”

“Napa inggih dhe Wira Degleng? Mugi buntutan ngeten menika taksih wonten terus.”

‘Lha ngapa Run...”

“Lha inggih ta menawi buntutan taksih wonten, pangarep-arep sugih lha inggih taksih wonten ta dhe Wira Dhegleng?”

“iya enek benere Run. Oh ya, aku ndelok wayangan wingi. Wektu Petrukan ki Dalang Kandha Sasmita kandha keong ning sawah. Bola bali. Sabanjure ndak tamboki O2 metune walikane 20.”

“Lha kok mboten njenengan tombaki wolak walik lho Dhe.”

“Embuh. Meneng meneng sing karejeken Bejo Klothok tembus sa kope pisan. Jare oleh olehene,

arep gawe ragad netakne Jhony Kuncung putrane kang waruju.”

“Dhe dhe dhe Wira Dhegleng...”

“Enek apa Run..”

‘Menika lho kok eram emen, yoganipun Bejo Klothok”

“Eram kepriye ta?!”

“Naminipun ?”

“Jhony Kuncung ta?”

“Inggih, wonten ndhusun ngriki nami Jhony kadose kok mboten limrah. Kados putra saking manca negari ke mawon.”

“Sheettt..nyedhaka kene tak omongi.” Priya lathi menyonyo menika ngiser bokongipun, nyaket kalih Wira Degleng.

“Inggih apa awakmu rung ngerti Run.”

‘Masalah menapa dhe Wira”

“Ya masalah Jhony kuwi.”

“Dospundi si Jhony?”

“Ngono kuwi menawa awakmu mung mugen ning sawah tani mleni, nganti ora gelem kulak pawarta adol pangrungon. Nganti ora krungu wartane nyi Sempleb ya bojone Bejo Klothok.”

“Ingih dospundi, kula nedhi pawartosipun dhe Wira”

“Ngene lho, Sempleb kang rambute malih abang pirang kuwi nate mothah kepengin kerja ning manca negara. Kanthi ragad di dolne sawah dalah sapi sepasang, wusanane si Sempleb sida budhal minangka BMI menyang Walanda. Pangarep-arepe bojone ya Bejo Klothok mulih saka manca negara isa nggawa bandha donya. Ananging...?”

“Ananging dospundi dhe Wira?” Paerun pitaken, munggel wicantenannipun dhe Wira Degleng.

“Mulih ora nggawa donya malah wetenge mblendhing, Mbobot sangang wulan. Nglairne bayi lanang, kajenangke abang, kanthi tenger ya si Jhony kang arep katetakake iku lho Run, Paerun.

“O oallah ngoten inggih dhe Wira...”

“Kowe kuwi jian kepleg tenan kok”. Micanten

ngoten niku dhe Wira Degleng kalih njundhu sirahipun Paerun. Inggang kajundhu mboten murina. Malah nggugeng. Ngantos kupu Kincih inggang badhe mencok, ninggal tigan dhateng pupus Johar mak kleper miber.

Angsalipun cecaturan kandheg. Amergi, saking margi kilen kang Sura Toa bengok bengok.

"Dhe Wira Degleng...!!! Lik Paerun Jenggot...!!!!"

"Apa?" Enek apa?" Dhe Degleng ngoncalaken pitakon dhumateng Sura Toa inggang nembe prapta, sajak gita gita. Mbeta warta.

"An..Anuuuu.."

"Wonten menapa kang Toa. Alon rumiyen dipun tata ampun menggeh-menggeh, kados ngoten ambeganipun" Gantos inggang pitaken Paerun Jenggot

"Anu ki Dhalang Kandha Sasmita Seda."

"Hellhooo..! Sesarangen dhe Wira Dhegleg dalah Paerun Jenggot sami nyekar Duren. Ndlongop. Mireng pawartos saking kang Toa menawi ki dhalang pangarep-arepipun sampun tumekanipun seda.

Sik ta dhimas Toa. Sedane ki dhalang iku mau kena apa?"

"Wartos saking jaga baya Kuwat Santosa, sedane ke dhalang Sasmita ketabrak ban Tronton."

"Iha Sedanipun ki dhalang kita iku mau, merga apa dhimas Toa? Wangsul Wira Dhegeng pitakon nanjihaken.

"Inggih, turenipun ki Jaga Baya wekdal ki dhalang lenggah nglenggar-nglenggaraken manah wonten plataran ngajeng dalemipun. Tronton inggang kasupiran siJambu Mangli mlampah margi ngajenge ki Dhalang. Ban serepipun dhawah. Amergi, angsalipun masang kirang kiyat. Ndillalah, ban menika ngglindhing banter sanget terus nabrak panjenenganipun ki Dhalang. Gita-gita kalih Sasmita Tanaya keng putra dipun beta dhateng mbah Untung dhukun sangkal putung, ananging inggih sampun mboten saget katulung. Wusanipun ki dhalang seda ninggalaken kita-kita sedaya.

Amem sekedhap. Paerun bisik-bisik dhumateng talinganipun dhe Wira Dhegleng.

"Dhe.. dhe Wira Dhegleng.. Menika ki dhalang nyukani rejeki. Mangga kita tomboki. Niki ketoke ngeban."

"Tomboki ban ngono pa piye karepmu Run Paerun..?"

"O o mboten nomer ban ipun ngoten lho dhe Wira Dhegleng"

"Lha piye? Awake iki engko kudu tombok nomer pira?"

Ki Dhalang sasmita nyasmitakaken ngeban. Tegesipun, inggih menika nomer enggang badhenipun medal ngeban. Utawi taksih sami kaliyan wingi.! Lha inggih makaten ta..?"

"Pinter kowe Run yen ngono biwarakna menyang tangga teparo sasmita rejeki saka ki dhalang iki."

"Mangestokaken dhawuh dhe Wira Degleng"

Wangsul Tekek saking Sono keling mungel sora. Sepen. Sampun mboten ing kang ngetang : sugih dalah mlarat melih. Amergi, para paraga niku wau sampun tindak dhateng dalemipun ki dhalang Sasmita. Takziah, asung pakurmatan bela sungkawa dhumateng ki dhalang Sasmita inggang pungkasan.

Menawi kala wingi wonten pawarta dukkita kingkin. Amergi, ki dhalang Kandha Sasmita seda. Dinten menika gantos warta gumbira. Amergi, ugi kathah warga inggang remen ngabotohan saget nembus. Hem, sampun jumbuh kaliyan asmanipun. Ngantos sasedanipun ki Dhalang Kandha Sasmita kok inggih nyebaraken sasmita. Wallohualam.

\*\*\* Nuwun

---

**Pengirim**

**St. Sri Emyani**

**SMP Negeri 1 Panggul**

**Jln: Haryana no. 02**

**Kec. Panggul kab. Trenggalek**

**66364**

## Nganti Pupusing Yuswa

Dening : Puji Wirawan

**K**utha Malang pancen kutha sing dadi idolane bocah-bocah lulusan SMA sing pingin golek ilmu, hawane sing adhem lan kuthane ora pati gedhi ning rame lan akeh kampus-kampus pilihan.

Ora adoh karo Bimo, sing taun iki wis lulus SMA lan pingin kuliyah ana kutha Malang, lan kepeksa ngempet rasa merga nemu widadari sing isa gawe ngiris ati. Rasa kuwi rasa tresna marang cewek ayu sing jenenge Ambar

Anggone dhemen marang Ambar kuwi sejatine *jatuh cinta pada pandangan pertama*. Kenale nalikane kekarone padha tuku pulsa paketan neng ngarepe kampus, jam papat sore. Wiwit saka kuwi Bimo atine isa langsung molat molet kedudut ayune Ambar sing ora liya cewek tunggal sadhaerah karo dheweke.

Wis patang bengi iki Bimo ora turu ana kos-kosane merga akeh kegiatan sing kudu diurus. Bocahe pinter adaptasi lan uga srawung, sing jelas cewek-cewek ayu akeh sing seneng karo Bimo, kejaba canggeh uteke uga canggih. Senajan kancane cewek ayu ayu ning Ambar kuwi kenya saka desa sing prasaja lan isa nggodha, esemme tansah teka nalikane arep ngeremake netra.

Jam pitu bengi, Bimo mlaku tumuju kelas merga dina kuwi ana kuliyah wengi nganti jam setengah sanga wengi.

Udan grimis gawe tambah adheme kahanan, ning sing kaya ngono mau ora dadi pepalang anggone dheweke golek ilmu lan supaya isa ketemu karo Ambar sing wis gawe uripe goreng.

Saka kadohan mripate Bimo tansah nyawang ayune Ambar kaya-kayaa ora isa kedhep, saben dina Rebo wengi Ambar jadvale kuliyah uga ana sing wengi padha karo Bimo.

Sejatine Ambar ya krasa yenta dheweke kuwi ana wong sing tansah menahi kawigaten lan ngawas-ngawasi saka kadohan, ning dheweke ora gampang ge er an.

Nganti ujian akhir semester, kuwi tegese wis nem sasi anggone Bimo dadi teliksandi sing tansah ngrekam obah polahe Ambar kasil ngumpulake biografi kenya ayu mau.

Mari Ujian Akhir Semester rencanane Bimo arep dolan neng kos-kosane Ambar, sing jelas Bimo pingin cepet-cepet ngomong yenta dheweke kuwi nyimpen rasa sing kudu dibongkar supaya atine lega, embuh asile piye.

Ning nyatane rencanane mau gagal total, mari Ujian Akhir Semester dheweke kepeksa cepet-cepet mulih dhisik neng dhaerahe Trenggalek merga diundang ngisi musikalisasi puisi lan teater ing acara *bedah buku* salah sawijining penulis kondhang ing kutha Ponorogo.

“Wah ora sida nembak yen carane ngene”.

Batine Bimo karo nata klambine sing arep dinggo mulih lan pentas ing Ponorogo. Swara kendharaan saka njaba kos-kosane esuk kuwi kaya ora medhot. Jam wolu awan hawa adhem isik ngemuli Kutha Malang.

Bimo kelingan Ambar banjur njupuk HPne lan ngirim w.a marang kancane mau

*“hbs ujian apa ga' pulang ? kalo pulang bareng ya', ngebis apa nyepur?”*

Seprapat jam w.a ne Bimo oleh wangsulan

*“oke, bareng yuk, aku biasanya ngebis, kapan bro?”*

Oleh wangsulan w.a sing kaya ngono mau atine Bimo jan bungah banget, kanggone Bimo iki kesempatan emas kanggo nembak, ora sabar rasane dheweke lungguh bebarengan ana njero bis karo kenya ayu sing dadi impene, driji-drijine banjur ngetik w.a kanggo menahi info neng Ambar

*“sekarang aja ya ? gmn ? ini aku lagi packing.”*

*“kalo sekarang aku blm siap, gmn kalo besok pagi, lewat batu, tunggu aja aku di terminal landungsari jam 8 an”.*

“oke, siap”

Wewayangane Ambar dina kuwi kaya-kayaa sregep marani Bimo sing lagi goreng dhewekan ing kamar kos-kosan. Pandom jam mlakune kaya suwi banget, lemot kaya internet sing arep entek paketane.

Wengine kanca-kancane sing lagi ana base camp UKM kampus ngira yenta Bimo wis bali.

Teka titi wancine, kaya sing wis ditulis ana w.a ne , Ambar ora cidra janji. Jam wolu esuk bocah loro mau wis ana Terminal Bis Landungsari.

Ngenteni sepuluh menit anggone budhale bis kekarone wiwit andum crita, esem nguyu dadi pepaese.

Wiwit ninggalake terminal, lagu barat diputer dening Pak Kernet. Tembang manca sepisanan Loud of Thinking sing biyasane dinggo iklane google in TV kae. Ing jero bis kono sing rata-rata bocah-bocah nom isa ngobahake lambene merga umik-umik melu nyayi ing jero ati.

“Cocok ya bro lagune?”

Takone Ambar marang Bimo, sing lagi manthuk-manthuk melu iramane tembang mau

“Oyi, pas banget”

Wangsulane Bimo cekak aos.

Bis terus lumaku, ana kalane mandheg ngunggahake lan mundhunaneke penumpange ning amung sedhela. Ora krasa bis meh teka tlatah Kediri.

Wiwit budhal ninggalake Terminal Landungsari nganti saiki tembang-tembang manca tansah ngumandang ing jero bis kono, wiwit saka tembange, Vertical Horison, Creed, Michael Learn to Rock, Scorpion lan Guns and Roses. Mlebu tlatah Pare pas tembange White Lion sing judhule “Till Death Do Us Part”

“Iki lagu favoritku Bro !”

Kandhane Ambar marang Bimo karo menehi tandha jempol tangan tengene

“Tenan ye?, wah kok padha”

Wangsulane Bimo marang Ambar,

“Mendah lho?”

“Iya, aku ya dhemen kok lagu iki, aku lho uga apal”

Kekarone banjur katon gayeng anggone ngrungokne lan uga melu-melu nyayi.

Samarine tembang mau, Ambar banjur ngiterprestaekake tembang mau marang Bimo. Bimo amung manthuk-manthuk tandha sarujuk apa sing diomongake dening Ambar, ning sing gawe kagete Bimo, nalikane Ambar duwe kenangan karo tembang mau karo cowok sing kuliyah ana kutha Semarang jenenge Irvan. Iku tegese Ambar kuwi wis duwe pacar, lan ora bakal isa dipisahake nganti pupusing yuswa, persis karo judhul lagu mau Till Death do Us part.

Donya sing sadurunge katon asri, merga ana kluwung sing warna-warni saiki dadi mendhung .

Pungkasane teka tlatah Trenggalek Bimo ora kelair anggone kandha yenta dheweke mendhem rasa, kabeh wis jelas, nyatane Ambar duwe pacar. Kekarone banjur pisah nalikane Bimo mudhun ana Protelon Jarakan lan Ambar nerusake lakune tumuju ana ing Terminal Trenggalek.

Setu sore nalikane arep budhal neng Ponorogo, Bimo ninggalake kanca-kancane budhal dhisik saperlu pingin mampir neng omahe Ambar sing jarene cedhake Pasar Pahing Tugu. Panggonan kuwi mengko diliwati dening kanca-kancane yenta tumuju Ponorogo.

Merga wis semayanan sadurunge, Bimo lan Ambar isa ketemu lan gegojekan ana emper omahe Ambar.

Wis ana karo tengah jam Bimo lan Ambar ngudhal crita, mobil avanza putih sing ora liya kanca-kancane Bimo mandheg ana latar omahe Ambar.

Bimo langsung pamitan, banjur kandha marang Ambar

“Aku titip sepedha motorku kalong iki ya, mesakne yen tak peksa lunga adoh mesthi ora kuwat”

“Halah *modus* sampeyan ki, ya wis ati-ati, muga-muga sukses acarane”

Tanpa *cipika-cipiki* Bimo ninggalake Ambar dheweke ana latar omahe.

Nalikane liburane semesterane wis entek, kabeh wis mbalik neng kampus. Bimo wis ora isa mendhem maneh rasa ana ing njero dhadhane. Kamis esuk jam sanga kanthi semangat empat limane dheweke budhal dhewe neng kos-kosane Ambar

saperlu ngomong *I love you*.

Amung esemme sing maesi pipine karo menehi wangsulan

“Aku karo Mas Irvan wis kadhung mbangun komitmen ora bakal pisah nganti pupusing yuswa kaya lagune White Lion sing judhule *Till Death Do Us Part*, sepurane sing akeh ya”.

Tembunge alus ning rasane mancep nglarani banget ana ing ati.

Senajan asile kaya ngono, kekancanane Bimo karo Ambar ora ana owah-owahan

Nalikane acara Dies Natalies Kampus, Bimo sengaja nembang lagune White Lion sing judhule *Till Death Do Us Part*, Ambar sing ngerti kuwi, mesemesem lan menehi jempol tangan loro-lorone.

Telung taun setengah urip ana kampus kanggone Ambar rasane kaya wis suwi banget, pingin banget cepet-cepet mari. Anggone nggarap skripsi disengkakne supaya enggal-enggal mari.

Pas patang taun Ambar sidane isa wisuda lan ninggalake kutha Malang bali neng desane. Beda karo Bimo sing isik krasan ana kampus merga aktip neng organisasi lan akeh mata kuliah sing urung lulus, kepeksa molor setaun.

Senajan setaun ora weruh Ambar ning sesambungan dadi kanca tansah rumaket.

Mari wisuda pingine Bimo lunga neng Denpasar melu kanca-kancane utawa neng Jakarta melu Pakpuhe, ning mergo abot karo wewayangane Ambar dheweke milih mulih neng desane. Merga pinter organisasi lan pinter srawung akeh proyek-proyek sing dadi penggaweane lan isa ngasilne dhuwit senajan ora cocok karo ijasaha.

\*\*\*\*\*

“*Dolana neng omahku penting!*” Jam loro seprapat sore Bimo kaget ana kiriman w.a saka Ambar mlebu neng HPne.

Lali ora menehi wangsulan Bimo budhal tumuju omahe Ambar

Sore kuwi akeh crita sing ndadakake ati nelangsa. Ambar crita marang Bimo yenta iki mau

ngepasi patang puluh dinane Irvan pacare, Bimo kaget, banjur takon

“Lho kok isa ngono ta ? sampeyan kok ora ngabari aku?”

“Mas Irvan duwe penyakit jantung, neng Rumah Sakit seprapat jam lan ora ketulung”

Kekarone banjur meneng ngrakit tembung-tembung sing kudu diomongake nganti suwe, banjur Ambar nerusake *curhate*

“Aku wis ora isa ngarep-ngarep Mas Irvan maneh, aku ngugemi *komitmenku* yen ta aku ora bakal pisah nganti pupusing yuswa. Ning saiki Mas Irvan wis dhisiki. Sampeyan apa isik seneng lagune White Lion kae ta ?”

Bimo manthuk banjur ngomong

“Ya, aku isik kerep nyanyi lagu kuwi”.

“Aku pingin *move on*, tulung rewangana aku ya”.

“Maksude?”

“Sampeyan apa isa nampa aku ?”

Pitakone Ambar sing kaya ngono mau gawe adhem panase Bimo

“Kanthi legawa aku nampa sampeyan”.

Kembang kembang ing taman sore kuwi langsung padha mekar senajan alum kurang banyu gara-gara mangsa ketiga, kuwi gambarake kahanan sing lagi dirasaake dening Ambar lan Bimo.

Teka omah, gitar sing wis rong minggu nyanthol ana tembok kamare banjur dijupuk dening Bimo terus nembang tembange White Lion sing judhule *Till Death do Us Part*.

=====

Cathetan ;  
*till death do us part= nganti pupusing yuswa*

Puji Wirawan  
RT 14/RW 04 Mlinjon Kecamatan Suruh  
Trenggalek  
Jawa Timur 66366  
HP/wa. 085235524921

*Geguritane : Irul S. Budiarto*

**ODE KANGGO KEKASIH**

: srikandi

biraten angen tumlawung  
wayah surup rikala mendhung mentiyung  
geni sing wiwit murub ing pabaratan  
nanting kasetyan lan jejibahan

wis kepara akeh getih kudu mblabar  
ing tegal kurusetra kabeh dadi ambyar  
Srikandi, o, Srikandi  
jemparing sing mijil saka ati  
ampuhe kuwawa nigas satru bebuyutan  
saben wanci ngadhang lan sesumbaran

yen Bisma wis ngenteni titiwanci  
lepasen jemparing nganggo mantra sekti  
aja pisan-pisan mangro tingal  
selagine sampur durung kepancal

yen wani aja wedi-wedi  
yen wedi aja wani-wani

2018

**DAKJARING REMBULAN**

yen wengi pijer njereng sepi  
lan angin ngundha janji-janji  
pengin dakjaring rembulan  
kareben mudhun ing tengah plataran  
sapa ngerti eseme bisa dadi kanca jagongan  
miwiri werdine paseduluran lan karukunan  
mawar

### APA SING KOKGOLEKI

apa sing kokgoleki, wong ayu  
 bengi iki rembulan genah wis mlayu  
 ing saben pecak kutha lampu-lampu rak isih gumebyar  
 ketang kalingan papan-papan iklan pating blesar  
 padhange isih kuwawa ngiring laku  
 dimen ora sasar lan mbentuk watu  
 murih gegayuhan ora gagar wigar

apa sing kokgoleki, wong manis  
 bengi iki lintang trima ndhelik ing suwalike mega  
 krelipe konang senjata wis ora akeh kaya biyen  
 sapa ngerti bisa ngancani luru pangimpen  
 njareme tatu-tatu aja nganti nuwuhake tangis  
 yen wancine teka esem prasaja bakal njilma  
 ngguratake kateguhan jiwa

apa sing kokgoleki, wong ayu  
 bengi iki rembulan genah wis mlayu  
 bengi iki lintang trima ndhelik ing suwalike mega  
 ing sempalane sepi temene dudu pranyatan sepa  
 apamaneh wedi kuwawa nyigar dhadha  
 sepi wujud pepaese wektu  
 kalamangsane bisa nelukake ndaru

apa sing kokgoleki, wong manis  
 rikala kamarmu wis cumawis sewilah guritan  
 landhepe kuwawa ngonceki panguripan?

2018

=====  
 Irul S. Budiarto, lair lan dedunung ing Boyolali  
 Kajaba geguritan, uga nulis crita cekak, puisi, cerpen, esai, lsp.  
 Buku anyar sing lagi wae diterbitake,  
 Cathetan Kanggo Lintang (kumpulan geguritan, 2018)  
 lan Rembulan Sacuwil (kumpulan crita cekak, 2018)

### EPILOG WENGI

wengi sing nglanggengake sepi  
 saderma nuhoni lajer lan jejibahane  
 wiwit surup nganti esuk ngawe-awe

ing jaba, dumadakan ana sing nangis  
 wedi peteng sing bakal nglairake miris  
 nuli dheweke gereten mlebu omah  
 suguhana crita angete kopi sagelas  
 perlu diadhuk kanggo ngancani dina-dina  
 pait utawa manis gumantung rasa

sepi tansah ana  
 lair saka garbane wengi  
 mbabar sakehe crita

2019

### LANGGAM SORE

ana kalane ngenggar-enggar penggalih  
 bareng kanca ngepasi wayah udan nggrejih  
 angin sore sing sumiyut-siyut nampeg dhadha  
 aja disengguh wis murang tata

ana wektune ngungal abang ijone crita  
 bareng kanca miwiri bundhelan dina  
 ah, geneya ing pojok-pojok lurung  
 isi keprungu tangis layung-layung  
 tangise widadari pengin ngranggeh kluwung  
 mentiyung

ana kalane ngenggar-enggar penggalih  
 ana wektune ngungal abang ijone crita  
 angin sore sing sedhela maneh nggeret wengi  
 ngajak aku sliramu bali netepi janji  
 tanpa ana sing sambat lan jeli-jeli  
 nyupatani wewayangan sing ora cetha

2018

**PRAHARA**

Tekané tan kena dinuga  
Matumpa-tumpa  
Nrajang kabèh kang kasatmata  
Banjir bandhang , rob segara  
Gununng érupsi njeblug mblabar lahar  
Lindhu ngebur segara mahani tsunami  
Angin lésus sindhung riwut

“Dhuh Gusti  
Punapa karsa paduka  
Paring bendu deduka mring bawana?”

Kang tan kasat mata ora ginarba  
Tingkahé manungsa nggendhak durangkara  
Lali purwa duk sina ngumbar degsiya  
Mring sapepadha tan awèh rasa  
Marang kang tumitah ing Allah  
Kumawasa nglangga ludira  
Sumangkéyan degsura

“Dhuh Gusti  
Kawula titah sawantah  
Amung pasrah tumanduking purba waésa”

Jantraning alam kang winengku panguwasa Gung  
Mangayun dalaning panguripan mulya  
Minangka wewaton tandhaning sumujud  
Ninting wewéka telenging wengi  
Mangastuti hambeg paramayoga  
Nggayuh kamulyaning jati  
Pepsthèning alam

“Dhuh Gusti  
Hamba samya suméwa  
Nyadhong lumunturing sih wilapa.”  
Bojonegoro, 10 Maulud 1952

**SRI NARJATI**  
*Jln. Diponegoro 59.B*  
*Padangan – Bojonegoro 62162*

**PANYUWUN**

Gagat rahina wis anguk-anguk bang wétan kekajar  
Eninging wengi kang wis mungkur sepi  
Bamban kang gumelar ngungrum angin ésuk  
Éndah prenthuling bun-bun tumètès  
Ing tamaning jagat godhong wayah labuh  
Pindha sutra kuning gumelar ngombak-ombak  
Larasing mawar sinawur mlathi  
Reroncèn éndah

Kalamangsa kang ngundhuh gelaring jaman  
Ing pangawikan tuntum pangesthi aji  
Kang sumiyat ing telenging karep  
Mbabar makna sepining asepi  
Ing kayun kayungyun panggayuh sepuh  
Derenging kang sinedya memundhi  
Sumengka panjangka suméwa  
Sumunar panuwun

Plataran kang rinengga kembang èdi pèni  
Dadi sumbering rasa panjangkaning urip  
Papan lelédhang taman munjuk syukur  
Ngrungkepi laku mesu brata nyuci ati  
Laksitanng batin mudi pangastuti  
Dadi pikuwating titah manambah  
Sampurnaning tawakal lan pasrah  
Wasésaning Gusti.  
Bojonegoro, 15 maulud 1951

**Sri Narjati**

**TIMBRENG**

Langit kumembeng mendhung  
Ketiga salah mangsa  
Saka ulahing manungsa  
Ninggal adat lan budaya

Miyur kéblating rasa  
Ngrusak alam sinikara  
Ulap pangrungrum kompra  
Lali purwa duksina

Kang tininggal tumedhas  
Tangis kawelas asih  
Bali ngrungkepi jatidhiri  
Ing sajroning lelaku

Pangangen nglangut nylamut  
Sapa bakal ngramut  
Saiki kari dedongèngan  
Ora ana kang ngglapé.

Dudu crita nglengkara  
Gugur gunung dikerta aji  
Gerdu kampung suwung  
Latar kelangan gumelaring klasa

Pitatur warisané leluhur  
Sapa nandur ngundhuh  
Bisa canggah warèng  
Cakna ngelmu nitèni.

Aja kaselak girang gumuyu  
Kéblating kalamangsa pindha rodha  
Dadiya pralampita paugeran  
Pngruwating bumi aji.  
Bojonegoro, 17 Maulud 1951

J.F.X. Hoery

## Sasmita

Ana sasmita nrobos sela-selaning wengi  
Mbabar piwulang adi ninggal piweling suci  
Adi tumrap kang kuwawa angrengkuh  
Suci kanggo kang ginadhuhan dhwuhing Gusti

Sasmita tengah wengi  
Paran kang apasrah ati  
Lumampah ing dalan kasampurnan  
Panjangkane marang laku pangastuti  
Tumus ing pepesthening laku  
Kanthi ngkarah babaring lakon

Banjur kang ginadhang  
Daya kang nyawiji, daya kang mangesthi  
Kalamun wis buntas ing tapa bratane  
Kang linambaran iman tawakal  
Sumilak ing telenging ati  
Sasmita bakal nyawiji

Ing pambudi suci Ing rasa lan pikir  
Ing lair lan sanubari ngrengga jatining diri  
Kang ginadhang rahayuning batin  
Nggayuh kamulyan jati kinukup pangastuti

Wedharing sasmita rinengkuh wijiling bekti  
Rumasuk ing kamulyan kang ginadhang  
Dadiya karahayoning jagad gumelar  
Tan pilah-pilah kang kaesthi.  
Mastuti sumujud Gusti  
Padangan – Bojonegoro 2019

J.F.X. Hoery  
Penggar Sanggar Sastra  
Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro

## KABÈH WIS ILANG.

Yèn dina kadhung mlayu mbandhang  
Saiki kari omong mung kari jaré critané  
Jèthungan, gobag sodor, dhakon, simbar,  
gathèng, benthik, èngklek, umbul  
Ilang saka panjerité bocah jumagar

Tembang dolanan, dhayohé teka, jamuran  
buta-buta galak, cublak-cublak suwerng.  
Ketliweng ing uleganing jaman

Andhe-Andhe Lumut, kancil nyolong timun  
cindhe laras, grahana rembulan cicaplok buta  
Kendhang bareng kenthong gejog

Nyuwuk pari, entas-entas ora ana sing nggagas  
Gendhing lan suling wis ora dumeling  
Kagiles sinetron tivi kang ora mikolehi

Ilanging suba sita anggah unguh  
Tan pakewuh lamun tumandang lumuh  
Ora dunung makna pendhapa joglo, sarta  
Ngrembuyungé ringin kurung sakembaran  
Kang dadi pratanda gebyaring jaman kapungkur

Kabeh wis ilang saka patembayan  
Muga dadiya kupiya lakon kang lumaku  
Karana wis tinulis ing weca adi  
Owah ginsiring jaman wis pinathok  
Ora susah ditangisi.  
Padangan-Bojogoro  
Akhir Januari 2019

## SEKAR SIGAR

dening : St. Sri Emyani

Surya kencana  
gumlewang nggambar mangsakala  
ayu sawiyare langit sore nyecepi ombak alun samodra  
sauntara bayu setya nyaponi lathining pesisir  
pasir sumilirmanggul pesisir  
bebarengan godhong lungse

Bagaskara sedyanyulupi telenging kedhung jalanidi  
jlantra ngubengi kisi  
pesthi

Sauntara

Wadhuhhhh...!!!

sangisore rumpil carang  
ana sekar sigar sadurunge mekar  
netes ludira kecucuk pang  
makutha musna  
kobar dahana asmara

## AJA LENA

dening : St. Sri Emyani

Sawise janur esuk iku rinengga  
ana tembang tembung srokal ngumandhang  
ora ana pepalang  
jagad kita padhang gumlawang  
langentelenging kalbu  
miber sawiyare langit biru  
ora ana kang nyegu

Ana ing awang-awang  
kaya ora ginggang  
ngisep sarining kembang  
njur bebarengan kita tandur  
wiji asih putih saka  
--Sang Yang Luhur--

Byar  
babar tumangkar  
sawise winih putih  
tapa sangang candra  
saka madyaning guwa garba

Ngger  
gage tangiya  
ngadeg jejeg minangka adeg-adeg  
pangrukti budaya  
aja lena  
\*\*\*Panggul -Trenggalek' 04012019

## KINTIR

dening : St. Sri Emyani

Grimis riwis-riwis gogrog saka saringanlangit  
nyiram ukara-ukara rengka  
tunggak tradhisi isih durung paja-paja semi  
senajan kali banjir imajinasi  
para taruna mung katrem karo kidung asmarandana manca  
kanthi kalbu kang kobar panasing nafsu  
sinambi ngundha bapangan ing awang-awang langit biru  
ciblon segara madu

Sejatine para winasis ora uwis-uwis  
anggone nyawuri rabuk pitutur  
nganti tekan pereng lungur

Lha dalah  
tunggak oyode budaya malah kintir  
ketrejanglajuning banjir bandhang  
tekan sabrang  
\*\*\*Panggul -Trenggalek' 04012019

## PITAKON

dening: St. Sri Emyani

Anatapel wates gegayuhan  
ndak sedhakepake tangan nganthi ati  
sagung nafas nyawiji  
nyatane gesang amung sepa lan sepi kang ndak sesepi  
plas pindha kapas kesebul angin  
madhul-madhul sandhuwure bumi gundhul  
nala kepanggang mangsa  
tiba kejungkel ndhuwur lemah nela  
tinakdir ngluru pangan ing bumi paran  
tanpa kamerdikan!

Laku lakon  
mecaki marga lunyu langit timbreng  
obor kang kagawa  
kuwalik mbloloki netra

Gusti  
tulung jarwakna  
--aku iki wis tekan endi?  
\*\*\*Panggul -Trenggalek' 04012019

## NGUMBAH MANAH MENYANG PAPAN WISATA AGRO PARK TRENGGALEK



Panjenenganipun bapak Emil Elistianto ingkang ngasta bupati Trenggalek, dereng dangu menika (persisipun: inggih punika dinten rebu 26 desember 2018) sampunmbuka dalah ngresmekake papan panggenan wisata enggal ingkangkadamel ajang pasinaonan. Panggenan kepariwisataan menika winastan papan wisata Agro Park.Ingkang artosisipun panggenan wisata damel budi daya ulah

kridhanipun tetanen Mapan wonten tengahipun kitha Trenggalek. Persisipun inggih punika sakilenipun hotel Widowati. Utawi, wonten sapingiripun margi ageng Sukarno Hata no 19 Menawi kasangkalan saking terminal bus, mengilen watawis 1,5 km. Kathah Angkutan umum ingkang purun ngeteraken ngantosdumugi papan panggenan wisata. Nitih jasanipun paman Becak, biasanipun namung

## ❧ papan wisata ❧

katarik perongkosan watawis Rp10.000,- lha menawi nedhi bantuwan jasa abang Ojek purun Rp15.000.-ngantos dhug dumugi papan panggenan lokasi wisata



Biasanipun, menawi adhik-adhik pelajar utawa Pramuka inggih namung dhampyak-dhampyak lumampahnglejaraken suku kewala. Idhep-idhep olah raga. Dhasaripun para remaja, samargi-margi namung gumbira ria, sinambi gegojegan kemawon. Lha menawi wonten kenya ingkang sajak nuju prana ingih kagodha.

Mlebet papan wisata agro Park Trenggalek mboten mbayar. Utawi *gratis*. Namung katarik ongkos parkir Mobil Rp 5000,- Sepeda motor, pituwasiipun inggih namung Rp 3000,-Menawi ngepasi dinten liburan sekolah, kados minggu utawi tanggal abrit ngoten menika ingkang sami wisata teng ngriku langkung anjrah, ngantos watawis: 500 dumugi 700 Ingkang sami ngrawuhi,kejawi para pelajar: ugi mboten sekedhik para ibu dalah bapak ingkang sami

ndherekaken putra putrinipun.Inggih sinambi ngumbah manah, menawi kemawon ugi ngleremaken nurani, jeleh *rutinitas* pakaryan wonten madyaning kantoran.

Wekdal ngresmekaken, bapak bupati Trenggalek ingkang sekedhap melih nglenggahikursi wakil gubernur jawi wetan ndampingi Ibu Kofifah Indar Parawansa punika nyukani ular-ular pangandikan. Menawi papan wisata Agro park menika ing tembene sageta dados pasinounipun para pelajar mbudi dayakaken kuncaranipun ulah tetanen wonten ing tlatah bumi kabupaten Trenggalek.

Trenggalekmujudaken kabupaten ingkang tumut jawi wetan. Manggen sisih kidul kilen. Sawetanipun kabupaten Pacitan, sakilene kitha Tulungagung. Wiyaripun watawis 1.261,40 km.Kabupaten ingkang rumiyen kawentar kanthi dhedhaharan sekul saking Gaplek punika 2/3 wilayahipun wonten parden. Saking lumahipun toya seganten,inggilipun watawis





690 km. Papan panggenan menika sae sanget menawi kadamel ngembangaken agro wisata. Inggih kados Agro Park menika.

### MENAK SOPAL

Kabupaten ingkang natos kawentar pengasil emas ijo utawi kembang cengkeh punika nggadhahi crita *kearifan lokal*, inggih punika tokoh Menak Sopal. Amargi kepahlawanipun saha sepak terjangipun pemudha Menak Sopal ndamel bendungan dam Bagong. Salajengipun ndamel pepengetan, PEMDA kabupaten Trenggalek ngawontenaken Setadion mligi katengeran nami Menak Sopal.

Pemudha Menak Sopal mujudaken tokoh ingkang natos nyuburaken olah tetanen among tani wonten ing tlatah bumi Trenggalek kanthi mbangun bendungan dam, toyanipun damel nyirami ulah tetanen wonten saindhengipun pesabinaan tlatah kabupaten kabupaten Trenggalek. Inggih piningan nami dam Bagong ngantos dumugi samenika.

Miturut dedongengan, wekdal badhenipun mbangun dam kangge ngelebi pasabinaan wonten ing bumi Trenggalek ngriku, kagodha dening siluman Bajul Putih ingkang sampun sawetawis dangu dedunung wonten telenginglepen ngriku. Kamangka lepen punika badhe kabangun dam dening pemudha Sopal.. Siluman Bajul Putih purun ngalih saking lepen ngriku, menawi pemudha Menak Sopal saget



ngasoraken kasektenipun. Lha menawi Menak kawon, kedah sumadiya manut mituhu dados andhahanipun siluman Bajul putih. Mengsah bangsa siluman, wiwitanipun Menak Sopal kawon. Ananging, sasampunipun kajampangi dalah kabiyantu dening gurunipun ingkang kelangkung sekti, wusanipun Siluman Bajul Putih ngakeni kawon. Mboten badhene wantun ngganggu damel malih, ugi purun pindhah saking lepen Bagong punika. Ananging ugi taksih nggadhahisetunggal syarat panyuwun malih, inggih punika sirahipun Kebo.

Pramila ngantos dumugi samenika menawi wulan Suro dam Bagong ngriku dipun pragataken Kebo utawi maesa, kanthi sirahipun kalarung wonten dam Bagong ngriku. Percadas dalah mboten inggih namung mborong kersa. Nyumanggakaken. Amergi, sedaya menika inggih namung dhapur dedongengan. Liripun, menawi dipun maido inggih mboten mengeng. Ananging, nalikanipun wulan sura, supe mboten mragat maesa, Trenggalek natos ketrajang banjir bandhang. Mboten tinemu nalar, amergi kabupaten Trenggalek manggen wonten panggenan ingkang kepetang inggil. Ananging natos dados kasunyatan!

### AJANG PASINAONAN

Kejawi kadamel kiprah wisata agro park kabupaten Trenggalek ugi kadamel ajang pasinaonan. Para pelajar kabimbing bapak ibu guru sami saeyeg saeka kapti ngudi ilmu

## papan wisata

tetenen. Wiwit ngolah siti supados subur, ndhedher wiji ngantos dumugi mbrastha ama. Para mahasiswa dalah mahasiswi saking pawiyatan luhur jurusan pertanian uga sami cancute taliwanda, kanthi sesarengan nyobi nyukani pasinaonan dhumateng para remaja ingkang nresnani ulah kridhaning tetenen. Wonten ngriku kejawi mbudi dayakaken tanemankados; sekar Anggrek, Mawar, Bugenfil ugi ngrembakakaken ulah *tetenen modern* kanthi migunakaken *Hidroponik* kadamel saking Pralon uga tilas kemasan minuman. Saking barang-barang bekas, kagunakaken dados barang ingkang migunani malih. Saget katanemi, kados: Sawi, Kangkung, Lobak, Sledri dalah lintu lintunipun. Amergi katanem, kanthi tememen ugi gemati. wusanipun, asilipun ugi saget tuwuh ngrembuyung ledhung-ledhung, saget ngresepni nuranipun para wisatawan ingkang ndugeni Agro park ngriku.

Kajawi kadamel ngrembakakaken thethukulan, Agro Park ugi kakembangaken damel penangkaran sato, kados ta: Ulam, Mendha, lembu ugi Trowelu. Para wisatawan kaparengaken potonarsis ugi *selfi* ndamel latar tetanduran ingkang lema-lema dalah sato ingkang katangkaken wanten Argo Park ngriku. Kejawi punika ingkang katrem selfi ugi sinedhiyakaken Traktor peralatan ulah tetenen. Mboten supe damel ngregengaken para wisatawan, wonten ngriku ugi sinedhiyakaken sepedhah Unta kuna. Ingkang kados menika malah saget ndadosaken sengsemipun para wisata.

Pramila menika, menawi tindak kitha kabupaten Trenggalek, kados dereng jangkep menawi dereng ngumbah manah dhumateng papan wisata Argo Park.

\*\*\* Nuwun  
St. Sri Emyani



## MENAPA LERES BILIH BASA JAWI ING WEKDAL SAMENIKA SAMPUN RISAK UTAWI NEMBE SAKIT?

Dening:

Drs. Imam Sutardjo, M.Hum.

(Dhalang lan Dhosen Prodi Sastra Jawa – FIB – UNS Surakarta)

**K**ula sampun radi dangu mireng pangandikanipun para sesepuh saha clulukipun bebrayan agung, bilih basa Jawi ing wekdal samenika sampun risak. Swanten utawi pamanggih mekaten kalawau andadosaken usreg, daredah utawi padudon. Malah kalanganipun para sutresna, masarakat ingkang sami remen dhumateng basa Jawi, lajeng sami ngrembag kanthi rame lan gayeng sanget wonten ing serat-serat kabar utawi ariwarti, candrawarti, kalawarti; tarkadhang wonten ing pepanggihan, ingkang dhapurseminar utawi sarasehan.

Kedadosan menika masarakat Jawi boten rumaos kecalan saha boten gela, buktinipun sami kende, langler kemawon, boten ngraosaken menapa-menapa, namung kalamangsanipun bapak-bapakipun lale ingkang sami sekolah Walandi utawi H.I.S. menika wonten ingkang alok utawi ngendika makaten: “Bocah-bocah utawa nom-noman ing jaman saiki, gunemane basa Jawa ora mudhengake, malah tarkadhang anggone nglairake tembung-tembung utawa basane pating blekuk, banjur sok ganti cara Landa utawa Inggris. La wong tuwane padha ora ngerti utawa ora mudheng, banjur bocahe padha nesu utawa meta-meta, amarga kesusu jalukane dituruti, mula malah kerep dadi geguyon”.

Menawi reraosan mekaten menika kalawau dipun mirengaken tiyang utawi dipun midhangetaken priyantun ingkang sami gadhah utawi kagungan putra ingkang sami sekolah Walandi, tartamtu dipun saruwe: “Anak kula menika inggih mekaten, saya menawi sampun kedhatengan rencangipun sekolah, pating cruwet rame sanget. Sok matur dhumateng ibunipun: Bu, Ibu, rencang-rencang kula menika mbok dipun-traktir, supados sami jenak

anggenipun blokken wonten ngriki. Meneer anggenipun maringi huiswerk awrat sanget”.

Kula dalah ibunipun lale-lare menika sakawit inggih boten mangertos term-term ingkang kangge wonten ing sekolahan, sareng saben-saben asring dipun ucapaken, inggih lajeng asring mireng, dangu-dangu saged paham lan ngertos.

Umumipun para tiyang sepuh menawi sumerep anak-anakipun wasis lan pratitis anggenipun ngginakaken basa Jawi, limrahipun sami mongkog manah utawi penggalhipun. Mongkogipun tiyang sepuh menika boten lumebet dumugi penggalhipun, ananging kados-kados namung badhe ngendikan: “Kok anakku pinter cara Landa utawa Inggris, Jawane nganti lali”.

Sedaya kawontenan ingkang kaandharaken ing nginggil menika, ingkang dados underan utawi jejer ing rembag bilih basa Jawi ing wekdal menika menika risak utawi nandhang sakit, utawi nembe semaput; menapa kados pundi, kathah warni-warnining pamanggihipun para ingkang ngraosaken bangsa lan basa. Kangge tandha bukti, saged kula-pethikaken saking tuladhah-tuladhah ingkang kawrat utawi kapacak wonten ing serat-serat utawi naskah-naskah seratanipun para pujangga.

### Negesi Tembung

Radi dangu (K) = rada suwe (N). Rada ing basa – pacalathon utawi gineman: raga: dialek.

Pangandikanipun (Ki) = ginemanipun (K) = omongane, gunemane (N).

Cluluk (celuluk) = alok, ngucap, nguwuh, ngaruh-aruhi.

## tetembungan

Pamanggih = panemu

Ndadosaken usreg = njalari usreg, ndadekake rame utawa padudon lan mahanani boten tentrem.

Usreg-usregan = regejegan lan rame ingkang njalari boten tentrem.

Ing kalanganipun = ing golonganane, ing kukubane.

Kalangan (N) = kambengan (K) = papan aben sawung.

Daranipun kalangan (kekalangan) = mabur mubeng-mubeng.

Tiyang Kalang = golonganane wong kang duk kunane ora tetep papan-padunungane.

Remen (K) = dhemen, seneng (N) = seneng lan asih (tumrap wanita marang priya utawa kosok-baline). Uga ateges: kaduk seneng (seneng banget), kayata: dhemen main, dhemen ngabotohan.

Ariwarti (ari = dina; warta utawa kabar kang metune saben dina); kalawarti = warti (warta, kabar) kang metune mung kala-kala, ora saben dina.

Candrawarti = warti kang metune saben sasi (sesasi sapisan. candra = sasi). Candrawarti kalebu kalawarti.

Kala-mangsa = kala-kala, ing wektu kang ora ajeg.

Kalawija = para abdi-dalem ing kraton awujud wong-wong cacad jasmani, kayata: wong kang cebol banget, wong kang sirahe gedhe banget, wong kakkong, wong kongel, lsp.

Kalabendu = arane jaman (Jamane akeh wong kang pantes tanpa bebenduning Pangeran, jalaran atindak sasar, akeh kang tumindak ala).

Kalatidha = arane jaman (Jamane akeh wong kang tidha-tidha/ was-was, kuwatir, gojag-gajeg atine, ora wani tumindak "tegas", amarga rumangsa kurang jujur uripe).

Dhapur = wujud, rupa

Masyarakat = bebrayan agung, pabrayan, pasrawungan lan bebrayaning aurip.

Masyarakat angler kemawon = bebrayan sakeca kemawon, masyarakat boten ebah, masyarakat kendel kemawon; masarakate mung meneng wae ora rumangsa kelangan.

Nunggang sedhan Holden anyar krasa angler = kapenak banget, amarga sedhane prasasat ora oyag (ora obah).

H.I.S. (wacahan utawa cekakane: *Hollandsch*

*Inlandsche School*) = Sekolah Abasa Landa kanggo bocah-bocah pribumi.

Alok = cluluk, kandha sora/ seru banget (amarga sumurup barang kang ora nyenengake).

Nglairake jabang bayi = ngetokake saka guwa garba/weteng.

Dina klairan (N) = dinten kalairan (K) = dinten wiyosan (Ki)

Nglairake tembung = ngucapake tembung

Kelair ora senenge manggon neng Surabaya = kewetu tembung kang mratelake ora seneng manggon ana Kutha Surabaya.

Lair-batin = jaba-jero, ing lair terus ing ati.

Blekukan utawa pating blekuk guneme = blekak-blekuk guneme = ora lancar, sajak angel olehe ngucapake tetembungan.

Cara Landa utawa cara Inggris = maksude: guneman nganggo basa Landa utawa basa Inggris.

Carane ngolah gadhung = pratikele utawa budidayane. Desa mawa cara, nagara mawa tata = tata-cara ing panggonan siji karo sijine ora padha.

Meta = nesu banget, ngamuk. (Kang lumrah ditembungake "meta" iku gajah).

Bocahe sok meta-meta = nepsu, muring-muring.

Gajah meta cinancang wit sidaguri (Pralambang kang kasebut ing uran-uran "Semut ireng anak-anak Sapi") = wong aran Dirana (anake lelurahe srati kang aran Dirada) madeg kraman utawa mbrontak, kepikut, banjur dicancang wit sidaguri ing alun-alun, wusanane mati (diukum pati) dicocogi dom awake (dipralambangake: patine cineker ayam).

Geguyon = padha dolanan (seneng-seneng), sadhela-dhela keprungu gentenen gumuyu.

Geguyon dadi tangisan = sakawit mung sesembranan, wasanane dadi prakara gedhe.

Guyon utawa Geguyon parikena = darbe pangarah apa-apa (kayata nedya ngalap wanita dienggo bojo) panembunge kanthi sembranan, guyonan utawa gegojegan.

Dipuntraktir (Walanda: *getracteerd*) = ditukokake jajanan (panganan), dijajakake.

Jenak = seneng, krasan.

Tan jenak aneng wisma = ora seneng (ora krasan) ana ngomah, kepengin lunga utawa kepengin dolan bae.

Blokken (basa Walanda) = sinau kanthi mepeng.

## tetembungan

*Meneer, mijnheer* = basa Walanda, Indonesia: tuan, Jawa: bendara.

*Huiswerk* (basa Walanda) = pagawean kang kudu digarap ana ngomah, ing jaman saiki ditembungake P.R. (Pekerjaan Rumah).

*Dalah* = dalasan, lan, saha, uga.

*Lah dalah* = tembung pangungun utawa gumun kang ngemu surasa kaget lan gumun.

*Dipun-ucapaken* = dipun-criyosaken, diucapake, diomongke

*Term* (tembung Walanda) = Indonesia: istilah.

*Umumipun para tiyang sepuh* = ingkang kathah para tiyang sepuh.

*Wong* (N), *tiyang* (K), *priyantun* (Ki).

*Pratitis* = cetha lan terang (tumrap tetembungan, guneman, omongan).

*Olehe mbedhil titis* = trep pener utawa pas banget panujune, kerep kena.

*Prabu Kresna titising Bathara Wisnu* = panjanmaning utawa titisane Bathara Wisnu.

*Nitis gula* = nyithak gula sarana bathok (Gula kang saka legen krambil utawa aren).

*Sajak mongkog* = semu-semune katon kaya gedhe atine, atine seneng utawa bombong.

*Nawung raos nyepelekaken* = kasinungan utawa kadunungan/ kanggonan raos (darbe raos utawa duwe rasa) nyepelekake/ ngremehake..

*Nawung prihatos* = nandhang prihatos, ngalami prihatin.

*Nawung kridha* = alus sanget pangraosipun ngantos saged naggapi krenteging manahipun tiyang sanes. Salah setunggaling watakipun pujangga inggih menika alus sanget pangraosipun.

*Sinawung sekar Srinata* = dipunkarang ing sekar macapat Sinom.

*Sawung* (K) = jago (N). *Dipunsawung* = dipunbopong tanpa emban-emban.

*Lali* (N) = supe (kesupen) (K) = kelimengan (Ki).

*Linali saya ngalela* = dilelali mandar saya katon ngegla (tumrap wong kang ditresnani benget).

*Melik nggendhong lali* = amarga kepengin ndarbeni, njalari lali, satemah mentala tumindak kang ora prayoga.

*Underan* = wos, inti, baku.

*Dados jejerling rembag* = dados pokoking rembag, dados bakuning rembag.

*Jejer Ngastina* = kang (lagi) dadi bakuning carita utawa adegan nagara Ngastina.

Wayang kang ditontonake utawa digelar sawengi (salakon) aiku na 7 (pitung) jejeran, yaiku: 1 jejer kawitan, 2 jejer sabrangan, 3 jejer bondhet, 4 jejer pendhita dipurwakani/ diwiwiti gara-gara, 5 jejer uluk-uluk, 6 jejer sumirat, 7 jejer rina-rina.

*Kaandharaken* = diterangake, dijelaske

*Jejerling ukara* = Indonesia: pokok kalimat (subyek).

*Nandhang dosa* = nglakoni panggawe dosa.

*Nandhang sangsara* = nemahi utawa nampa sangsara.

*Sandhang (sandhangan)* = panganggo (yen disaroja: sandhang - panganggo).

*Lelara kang wis dadi sandhangan* = kang ora bakal bisa mari.

*Sandhang lawe* = arane manuk bangsane gagak awarna ireng.

*Tandha bukti* = tandha yekti, tandhaning kanyatan.

*Bukti* = (1) Tembung Kawi: pangan, mangan. (2) Cihna, barang-barang kang minangka paseksen.

*Kebukten* = tetela kaluputane dening wis kasumurupan tandha-yektine.

*Pethikan* = cuplikan saka layang, koran lan sapanunggalane.

*Pethik* = piranti dienggo ngulir sekrup.

*Kawrat ing serat* (serat kabar) (K) = kamot ing layang (N) = kapacak ing layang.

*Kawrat* (ing grobag) (K) = kamot (N), ngemu surasa arep diusung (digawa lunga).

*Kawraten (kaduk awrat)* (K) = kaboten (kaduk abot) (N). *Wawrat* (K) = bobot, meteng.

*Wawratan* (K) = bobotan (Ki) = bebanyu (N) (ngising).

### KAPUSTAKAN

Sastrowiryo. Tt. *Wawasan Bab Mekaripun Basa Jawi*.

S. Padmosoekotjo, 1982. *Memetri Basa Jawi jilid II*. Hal: 64 - 69. Surabaya: CV. Citra Jaya.

# SABDA TAMA

**P**IRITEN kahanané banyu. Senajan mauné butheg, nanging yen wis menep, iya banjur dadi bening. Semono uga sakabèhing prakara, gagasan lan panggayuh, bisa dadi kasembadan lan padhang, kalamun wis menep pikiré. Yen isih ngangsa-angsa, pindhané kaya banyu kang butheg mau. Lagi yèn wis katog anggoné polah, padadatané banjur menep pikiré, temahan banjur kasinungan sifat kang wening, pikiran bening. Pepuntoné, sakèhing prakara iku ora bisa karampungaké klawan tumuli, kanthi ati ngangsa-angsa, nanging kudu ditlatèni kanthi sareh lan sabar.

**GEGAYUHAN** kang tumuju marang karahayon iku mesthi ngambah dalan kang ngrekasa, pindha ngunggahi gunung kang ndeder, ngudhuni jurang kang rumpil, nasak eri bebondhotan. yèn rinasa pancèn ya megah-megahaké banget. Dadi yèn ora tenanan pangudiné, genah arang sing tekan ngenggong. Kosokbaliné dalan kang tumuju marang kanisthan, iku sarwa mencutaké, marga tansah ngliwati kasenangan lan kanikmatan. Ora béda karo dalan kang tumuju marang kemlaratan, ora ana liya ya amarga saka panggawé ngebrèh, royal, ngabotohan, selingkuh lan sapanunggalané sing gampang dilakoni.

**AMARGA** saka ajuné kaweruh (ilmu) kang ngédab-édabi, ajuné tèknologi, saiki ora ana barang kang mokal tumrapé manungsa, kabèh mlaku sarana mesin, sarana komputer. Nanging ana prakara siji kang ora bisa digolèki gantiné, yaiku pikirané manungsa kang mujudaké peparingé Gusti Allah, kang tanpa kinarya kerta ajiné. Iya saka alam pikirané iki, manungsa bisa nguwasani pakartiné, bisa nimbang-nimbang endi sing bener endi sing luput, endi sing bécik endi sing ala. Sok ngonoa ing donya iki isih akèh cacahé manungsa kang ora bisa nggunakaké pikirané mau, saéngga pakartiné ora béda kaya mesin.

**ING** alam donya iki pancèn warna-warna lelakoné manungsa. Wong kang gawé kabecikan kadhangkala nampa piwales piala. Kang kaya mangkono mau aja banjur kema nandukaké kabecikan, awit nandhur kabecikan mono ing tembé uga tan kena ora bakal thukul kabecikan. Nindakaké kabecikan sing winales ala, iku ora ateges wohing panggawé becik, nanging sawijining pacoban supaya anggoné nyebar kabecikan saya mantep lan santosa

**ORA** ana budi kang luwih luhur saliyané nduwèni rasa asih marang nusa lan bangsané. Kadunungan rasa rumangsa, ngugemi sesanggeman lan kewajiban mranata tentreming praja kanthi pawitan kapinteran kanthi linandhesan kawicaksanané pambudi. Tandha yektiné yen asih, tansah samapta tumandang sawayah-wayah yèn ana parigawé kang wigati kanggo sasama, tansah leladi kanggo kaslametaning bebrayan lan karaharjaning nusa lan bangsa.

**KAJUJURAN** mono sawijining pusaka kang ampuh minangka sarana kanggo leladi sadhengah laladan lan bebrayaning urip. Mula rékadayanen murih kowé bisa tetep nyandhi pusaka mau, Kanthi keyakinan manawa ing donya iki banjur suda wong kang kadunungan watak nistha. Sapa kang kepéngin nduwèni watak luhur, kudu bisa merangi lan bisa nelukakaké sifat-sifat kang ala, nyirnakaké wataké kang ora jujur.

**SAWERNANÉ** wewadi sing ala lan sing becik, yèn isih kokgembol lan mbokkeker kanthi remit ing ati, selawasé isih tetep dadi baturmu. Nanging yèn wis mbokumbar senajan mung sethithik, bakal dadi bendaramu kang ngidak-idak sirah. Isih lagi nyimpen wewadiné dhéwé waé wis abot. Apamanèh yèn nganti pinercaya nggegem wewadiné liyan. Mula saka iku aja sok dhemen lan kepengin meruhi wewadiné liyan. Sing cetha mung bakal nambahi sanggan sing sejatiné dudu wajibmu mèlu opèn-opèn.

**MANUNGSA** kang jiwané wis lawas katrem dadi bebandané pakaremasn lair, genah éwuh aya yèn ta arep ninggalaké panggubeling kadonyan mau. Éwasemono yèn pancèn grengseng kekeapané gilig tekadé, bisa digegulang lan digladhi sithik mbaka sithik kanthi tlatèn, senajan wiwitané krasa abot. Saselot-seloté rasa abot mau saya suda lan ilang. Wusanané bakal bisa ngrasakaké kanikmatan sejatining urip uwal saka bebandaning kadonyan

**MANUNGSA** urip iku dibisa nguwasani kamardikané lahir lan batin. Kang dimaksudaké kamardikan lair, yaiku wujuding kabutuhaning urip ing saben dinané, ora gumantung marang wong liya, ora dadi sesangganing liyan, asil saka kringeté dhéwé lan uwuh saka kangelané dhéwé. Déné kamardikaning batin, iku dicakaké sarana nyingkiri hawa nafsu ,

ngedohi saka asor sarta nisthane pambudi, sepi ing rasa mélik lan drengki, srèi sarta tuhu marang paugeraning urip.

**NGGAYUH** kaluhuran mono ateges ngupaya tataraning urip kang luwih dhuwur. Ya dhuwur ing bab lairé uga batiné, liré sing murakabi kanggo dhiri pribadhiné, sumrambahé tumrap bebrayan agung. Sapa kang mung mligi nggayuh kaluhurane lair waé, ateges mung mburu drajat, semat lan pangkat, durung aran jejeg uripé. Suprandéné sapa kang mung nengenaké kaluhurané batin, ateges ora nuhoni jejerling manungsa ing alam donya yaiku tumandang ing gawé.

**MANUNGSA** mono ora kena mung ngantu atu tekané wektu kang becik, jer wektu kang becik iku sejatiné kudu awaké dhéwé sing nggawé. Kudu tansah éling yèn sabarang pratingkah lan tindak tanduk ing dina kang siji iku nggawa keputusan ing dina liyané. Déné dina kang pungkasan iku kang mutusaké sakabèhé wektu lan dina-dina kang wis mungkur. Mula sadurungé tumapak marang dina pungkasaning urip, dipadha bisa ngengoni marang jejerling uripé manungsa.

**TANPA** guna uriping manungsa kang nganti ora bisa nyumurupi marang apa kang kedadéyan ing sakiwa tengené. Ora bisa asung lelimbangan lan pamrayoga sakadharé kanggo karahayoning bebrayan. Rupak pandelengé, ora ana liya kang disumurupi kajabané uripé dhéwé. Mati pangrasané jalaran ora kulina kanggo ngrasak-ngrasakaké kang katon ing saben dinané, wusanané dadi cethèk budiné, jalaran saka kalépyan marang tepa palupi kang maédahi ing uripé.

**AKÈH** wong kang klèru surup bab tegesé tembung "narima" sing mung sawanda iku. Klerune panyurusa uga bisa gawé kleruning panindak kang tundhoné mung awèh pituna. Narima karepé aja ngangsa-angsa, nanging uga aja kebacut lumuh ing gawé lan suthik ichiyar sarta mbudidaya. Awit yèn mangkono banjur ora jeneng narima, nanging lumuh utawa kesèd. Wataké wong kesèd gelem enaké emoh rekasané, gelem ngemplok suthik tombok. Iki sawijining penyakit kang nukulaké sifat tan weruh ing wirang.

**NULARAKÉ** kapinteran lan kaweruh kanggo maju sarta keslametané bebrayan iku mujudaké sawijining sesanggan lan kuwajiban kang ora kena disingkiri dening sadhéngah wong. Nanging sok mangkonoa, kaweruh lan kapinteran mau yèn katanjakaké ora kadhasaran sarana wewatakan kang becik, malah bisa dadi wisaning urip bebrayan. Pancèn

wewatakan becik iku boboté tikel katimbang kapinteran lan kaweruh, jer wewatakan becik iku dadi bibit kawité penggawé kang becik.

**WONG** kang wis tekan pesthiné, utawa wong kang wis tinimbangan bali menyang jaman kalanggengan iku sing sejatiné lagi kena diwènèhi biji tumrap ajining kamanungsané lan pakarti nalika uripé. Déné kang isih padha urip iku perlu disemak waé dhisik, durung bisa diwènèhi biji, jer patrapé isih owah gingsir. Sarèhing manungsa iku sawijining titah kang luhur dhéwé, mula wis samesthiné aja nganti kaya sato kang patiné mung ninggal tenger lulang lan balung waé. Nanging bisoa nanjakaké uripé marang pakarti utama, sumrambahé marang karahayoning urip bebrayan.

**ING** jagading pasrawungan mono kudu nyirik marang sesifatan kang gumedhé lan wewatakan kang tansah nganggaké dhiri pribadi. Sifat lan wewatakan kang mangkono mau adhakane banjur nuwuhaké rasa ora rila yèn ana liyan sing luwih katimbang dhèwèké. Mula saiba beciké samangsa sapa kang rumangsa pinter lan kuwasa dhéwé iku gelema nglaras dhiri lan ngleremaké ciptané kang wening, yèn sejatiné isih ana manèh kang maha pinter, maha sugih lan maha luhur, yaiku Gusti kang angreksa jagad sa isiné. Klawan mangkono rasa pangrasa dumèh lan takabur kang dadi sandhungan pasrawungan bisa sumingkir.

**SIJI-SIJINE** dalan amrih kaleksananing gegayuhan yaiku makarya kanthi linambaran kapercayan lan keyakinan menawa apa kang sinedya bakal kaleksanan. Yèn mung kandheg ing gagasan lan kukuhing karep waé, tanpa tumandang lan makarya minangka sarana panebusé, uwohé iya ora bakal béda karo pangimpèn. Cilakané manèh, yèn selaginé nganggit anggiti mau wis kaselak ngrasakaké kanikmatan ing angen-angéné., kang wusanané dadi lumuh ing gawé lan wedi ing kéwuh.

**ANA** sanapan kang ginambaraké banyu, yaku banyu kang bening padatané tuké utawa sumberé ana papan kang rungkut kepara njenjemberi. Semono uga mungguhing kawicaksananing urip, iku ora pilih-pilih tumraping kahanané lahir, luhur lan asoring drajat. Iki minangka pepéling tumrap uriping manungsa ing alam bebrayan, aja mung mawas gelaring kahanan lair, nanging kang wigati yaiku mawas marang wedharing pakarti kang amot kawicaksanan.

**TEKAD** iku dhasare dudu kaweruh lan pikiran baé, yèn wong lagi ngetog katékadané dhasaré mung percaya marang kekuwatané dhéwé. Panjangka kang mung linambaran kaweruh kanthi nglirwakaké

panggladhiné bebudèn lan tékad, adhakané pikolèhi ora murakabi babar pisan tumrap bebrayan agung, jalaran golèk enak lan kepenaké dhiri pribadhiné dhéwé, wusanané koncatan rasa kaprawirané budi.

**TETEMBUNGAN** kang kurang prayoga kang kalairaké mung amarga saka kadereng dening dayaning hawa nafsu mono, pancèné sakala bisa awèh rasa mongkog kepara marem. Nanging sawisé sauntara menep, bakal awèh rasa getun lan panutuh marang dhiri pribadhiné dhéwé, kang satemah tansah bisa ngrubéda marang katentremaning pikir lan ati. Guneman sethithik nanging nganggo pamikir jembar, iku kang tumrapé manungsa bisa awèh katentreman lan pamarem.

**NGENDHÉ-ENDHÉ** sakabehing pakaryan iku ateges ngendhokaké semangat nyambut gawé. Saya suwé kekencengan karep kang diundur-undur mau ora bakal mundhak kuwaté, nanging malah mundhak ringkihé, satemah ilang dayané. Wong kang seneng ngendhé-endhé samubarang gawé mono, suwéning suwé bakal kadunungan watak ora antepan kang tundhoné bakal dadi kesed. satemah mung gawé kapitunan tumrap dhiri pribadhiné dhéwé.

**WONG** kang rumangsa dhiriné linuwih, ing sawijining wektu mesthi bakal kesurung atiné arep mamèraké kaluwihané, ing pamrih supaya dingertèni wong akèh, yèn dhèwèké mono wong pinunjul, lan supaya diajèni. Kaweruhana, yèn sakabèhing kaluwihan mau yèn ora dicakaké sarana lelabuhan kang murakabi tumrap bebrayan, tanpa guna kepara malah ora kajèn. Mula kang prayoga, bisa tulus dadi wong linuwih, manawa gebyaring kaluwihan iku mung dikatoanké marang batiné dhéwé, iku wis cukup

**KATRÉSINAN** kang tanpa pangreksa iku dudu sejatiné katrésnan. Kena diarani katrésnan kang mung kadereng lan kena prabawaning hawa nafsu. Dadi yèn ana unèn-unèn " trésna iku wuta" yaku trésna sing kaprabawan hawa nafsu. Sing prayoga yaiku ngugemi unèn-unèn "trésna iku rumeksa" kang salaras karo tumindaké. Mula sapa kang trésna marang sapepadhané iku uga aran trésna marang awaké dhéwé, tundhoné sapa kang tansah ngreksa maraang karahayoning liyan, ora béda karo ngreksa keslametané dhéwé.

**AKÈH** wong sadurungeéngayahi pegawéyan wis mathok tembung " Aku ora bisa." Dayaning tembung mangkono iku, satemah bisa numusi klakon ora bisa tenan. Awit pungkasaning pocap mangkono iku ateges njampes utawa ngapesaké awaké dhéwé. Tundhoné banjur lumuh ing pangudi. Samubarang kang ora diudi ora bakal dadi. Kang ora diluru tangèh bisané

ketemu. Mula percayaa marang dhiri pribadhi. Ciptanen kanthi manthenging ati lan enggal makartiya. Kekuwataning manungsa iku dumunung sajroning cipta, sauger sinartan pamarsudi kanthi tumemen. Dayaning cipta cetha bakal nekakaké sedyana.

**SING** mbokkandhakaké putih iku durung karuwan putihing ati, bisa uga mung wujud putihing wedhak pupur, sing kapulas kandel warata. Déné kang mbokkandhakaké abang, durung mesthi abanging bebener, nanging bisa uga mung abanging lambe sing kaconggah njlonprongaké menyang jurang kang jero. Déné sing mbokkandhakaké resik, durung mesthi resiking pikir, nanging padatané mung wujud resiking sandhangan rinengga sotya abyor kang bisa mblerengaké pandeleng.

**SUGIH** omong kanggo ngregengaké pasamuhan mono pancèné apik. Nanging yèn anggoné ngomong mung saperlu golèk misuwuring awaké dhéwé tanpa disadhari, sok kecrucut miyak wewadiné dhéwé. Tanpa wilangan cacahé wong kang keplesét uripé mung marga anggoné sugih omong. Mula becik-beciké uwong iku ora kaya wong kang meneng. Nanging menengé wong kang duwé kaweruh, darbe bobot kang antep, kang bisa dadi papan jujugané para kang mbutuhaké rembug sarta pituduh.

**YEN** awakmu kepengin diajèni dèning liyan, mula aja sok dhemen martak-martakaké kabar kang durung mesthi beneré, apamanèh nganti mamèraké kabisan lan kaluwihanmu. Pangaji-aji mono sabeneré ora perlu mbokburu, ing titi wanciné bakal teka dhéwé. Yèn kepengin nuduhaké kewasisanmu kudu bisa milih empan lan papan. Mula kang luwih prayoga, purihen aja kongsi wong liya bisa njajagi, nanging kalané ngadhepi gawé pari gawé kaconggah mrantasi.

**SAPA** baé bakal bisa gumbira yèn pinuju unggul, kalegan utawa yèn lagi katurutan kekarepané. Nanging suwaliké, yèn lagi nandhang kasusahan utawa nemahi kekalahan, ora gampang diajak gumbira. Kamangka rasa gumbira perlu banget tumraping kang sumedya nggayuh idham-idhamané. Wong kang makarti tanpa disranani ati gumbira tangèh lamun sedyané kelakon. Ora ana panggayuh kang tanpa mrangguli pepalang lan sandhungan. Yèn sajroné lumaku wis kelangan rasa gumbira ora wurung sakèhing kang cinithak ora bakal kacandhak wusanané apa kang ginayuh bakal mrucut.

# Darmono Saputro

(Seniman/Budayawan Jawa Timur)



**D**armono Saputra miyos wonten ing kutha Klaten wanci 03 Maret 1952. Darmono Saputra krama kaliyan Ibu Vm. Sri Suyamti lan dipunparingi putra tiga, inggih menika Emiliana Kingkin Suksmawati (Yuda Atten), Enggar Listyowati (Dedy Rahmono), lan Herlambang S. Saking para putra menika kagungan wayah sekawan, asmanipun Aziiz, Yusuf, Amiira, Ammar. Samenika panjenenganipun lenggah wonten ing kawasan Rewwin, Jalan Garuda XI/N 76 RT 04/RW 08 Wedoro, Waru, Sidoarjo.

Darmono lulus SR (1964), nglajengaken SMEP St. Yusif (1969), lan KOKAR (Konservasi Karawitan Surakarta) taun 1973. Ing taun 1985 ngrampungaken sarjana mudha wonten STKWS, dipunlajengaken nempuh program S1 wonten ing STKWS ugi taun 1988. Panjenenganipun ugi asring tumut diklat-diklat ing tingkat nasional wiwit taun 1984—2004. Sakmenika Darmono Saputra sampun purna tugas saking PNS nanging tetep dados dosen luar biyasa ing STKWS.

Pengalaman profesi Bapak Darmono Saputra dados seniman seni pertunjukan menika kathah sanget, kados ing andhap menika:

1. Juara 1 Lomba Mocopat Tingkat Prov Jatim Taun 1976
2. Juara 1 Lomba Mocopat Tingkat Nasional Taun 1978 ing Jakarta mewakili Jawa Timur
3. Penata Musik terbaik Teater lakon DAKDIKDKUK saking Kab Ngawi Sutradara

4. M. Iskan ing Drama 5 kota Terbuka wonten Surabaya taun 1975
4. Penata Gending Terbaik Pemenang lomba Karawitan Putra lan Putri Se- Jatim mewakili PEMDA Ngawi taun 1975 lan 1976 teng Surabaya
5. Penata Gending terbaik Lomba Bambang Cakil Mewakili Ngawi taun 1977 di Surabaya
6. Penata Musik ing acara Gelar Ramayana, Pandaan Kirang langkung kaping 30
7. Penata Musik terbaik Festival Pergelaran Sastra Tingkat Nasional ing Jakarta 1991 kanthi Lakon JANTEARKIDAM Sutradara Anang Hanani
8. Penata Musik terbaik Lomba Teater Daerah ing Jakarta 1990, TIM Lakon Rumah Tak Beratap Karya Akhudiat
9. Penata Musik atraksi Seni Pertunjukan TK Nasional taun 1988 ing acara Pembukaan PRJ: Pemadatan Reog Ponorogo Glipang lan Punjari
10. Penata Musik Terbaik Lomba Tari Daerah Tingkat Nasional 1985 judul tari Punjari Banyuwangi Penata Bersama kaliyan Sahuni
11. Penata Musik Atraksi Penutupan Sea Game 1997 di Istora senayan Jakarta karya enggal arupi iringan Remo ugi Penata tari Tri Broto
12. Penata Musik atraksi Pembukaan lan Penutupan PON 15/2000 Sidoarjo sareng Bagong Kusudiarjo lan Jaduk Verianto

## wawancara

13. Penata Musik terbaik judul tari layar kumendung saking Banyuwangi 1987 sutradara Sahuni lan Sumitro Hadi ugi SunarDianto
14. Penata Musik wonten Gelar Pembukaan Festival Budaya lan Pariwisata Jatim taun 1998 / 2000 / 2002 / 2004 / 2006 / 2008 dumunung ing Surabaya / Malang / Taman KridaBudaya / Mojosari Mojokerto / Jember.
15. Penata Musik Tradisi rampak Sindenan ing pembukaan festival Sindenan Se-Jatim taun 2005 dan 2007 wonten Dinas Pendidikan Prov Jatim.
16. Penata Musik Terbaik Festival Sastra Nusantara taun 2005 ing PemProv NTB. (Juara 1).
17. Penata ugi Pelaku Hastungkara (Doa dalam karawitan) ing acara pembukaan KONGRES basa Jawa Tingkat Nasional taun ke-2/ke-3/ke-5 (Semarang, Malang, Surabaya)
18. Penata lan Pelaku Hastungkoro pada Pembukaan KONGRES Kebudayaan Jawa taun 2019 ing Grahadi Surabaya.
19. Penyusun / Pencipta karya Gending Baru kados :
  - a) Gending Kerja Bakti Slendro songo Juara 1 Lomba Hari Lingkungan hidup Jatim 1984
  - b) Karya Gending Panembrama (Jula Juli Manis / Jula Juli Rampak / Jula Juli gorogoro / Jula juli Rinenggo taun 1983 s/d 1986.
  - c) Karya gending Semog Pembukaan Pekan Budaya Pariwisata Jatim 1996 wonten Surabaya.
  - d) Karya Gending HANACARAKA wonten pembukaan bahasa jawa kaping kalih ing Batu Malang taun 1999.

Darmono Saputra ugi kagungan kathah pengalaman bab kesenian ing manca nagari kadosta:

1. 1979 Penata Musik Foklore dateng Hongkong Mewakili Indonesia
2. 1989 Penata Festival Musik Foklore, Hongkong antar Perguruan Tinggi Seni (Mewakili Indonesia / STKW Surabaya Sutradara A. Tasman R
3. 1990-1991 Penata Musik Tradisi ing Misi Kesenian Tong Tong fair, Belanda.
4. Pergelaran Misi Kesenian Jatim wonten Singapura lan Malaysia 1991
5. Pergelaran Misi Kesenian Festival Seni Islami lan Upacara Adat 1990-1991 di Brunei Darussalam lan London Inggris.
6. Penata Musik Tari Tradisi Jatim wonten ing Expo Internasional, Espana / Spanyol antawis 55 dinten taun 1992
7. Penata Musik tari tradisi Jatim wonten ing Pameran Expo Kerajinan, Australia taun 1993 lan 1994
8. Penata Musik Tari Tradisi Jatim wonten Pergelaran Misi Ultah Orang Jawa ing Numea Selandia Baru taun 1993 antawis 35 dinten
9. Penata Musik Festival Foklore ing 7 Negara Bagian Prancis antawis 30 dinten taun 1995 sareng Pemprov Jatim lan dinas Pariwisata Jatim
10. Penata Musik Foklore Mewakili Jatim Taun 2008 di Manise Turkie antawis 15 dinten dalam rangka kerja sama Ekonomi lan Pariwisata Jatim

Sejatosipun taksih kathah pengalaman sanesipun kados ndamel karya tulis bab seni lan budaya Jawa wiwit taun 1983-2019, pengalaman dados petugas juri utawi pengamat seni, sarta pembinaan kesenian tradisi karawitan lan tari. Dumugi sakmenika Bapak Darmono Saputra ugi taksih dados Dewan Redaksi ing majalah Titi Basa Balai Bahasa Jawa Timur. Nuwun.



